НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1986

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

ТӨЛЕПБЕРГЕН МӘТМУРАТОВ

# ЖАҚСЫЛЫҚ САРАЙЫ



*Қосықлар ҳәм поэма*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“
1986

www.ziyouz.com kutubxonasi

84 Карак
М 68

**Мәтмуратов Т. Жақсылық сарайы.** Қосықлар ҳәм драмалық поэма.—Нөкис, „Қарақалпақстан“, 1986—120 бет.

Рецензентлер: Т. Сейтжанов. Т. Сәрсенбаев,

$$М\frac{4702230000-075}{М-357(04)-86}\quad 36-86$$

© „Қарақалпақстан“ баспасы, 1986

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Қәдир тутқан аяўлым Төлепберген!*

Сен көз жасындай мөлдир муҳаббеттиң, таңғы шықтай таза ҳүжданның, асқар таўдай жоқары адамгершиликтиң, қара бастың ғамы ушын емес, пүткил адамзаттың ийгилигине бағышланған нандай ҳадал мийнеттиң мақбал даўыслы, бәлент лапызлы жыршысы едиң...

„Адамның ҳәр қашан мақсети бийик,
Арзыў-әрманларын турар нур сүйип;
Дүнья буннан бетер ағарсын дейип,
Ҳәтте сақал-шашын ағартып кетер..."

Сен усындай әжайып адамлардың ашығы едиң. Сениң қосықларындағы адамлар сол дәрежеде жигерли еди, сол адамлар шынында да:

„...Темирлерге жан берип нәҳән,
Айға дейин сүйреп баратыр..."

Ҳа Төлепберген! Еситип турмысаң, баспа жигитлери маған: „Қәдирдан достың еди, соңғы китабына алғы сөз жаз", деп атыр ғой!.. Бул, әлбетте, сениң соңғы китабың емес, сениң өз қолыңнан әкелип тапсырған соңғы китабың. Ендиги китапларыңның қолжазбаларын поэзиянды қәдир тутатуғынлар қәстерлеп жыйнап, алып келип бере береди. „Жазбайман" дейин десем, сениң руўхыңнан қорқаман, жазайын десем, қолымнан келмей жақ...

„Алғы сөз" деген, еле таныл\u043cаған шайырларды таныстырыў ушын көбинесе „бет ашар" ўазыйпасын атқаратуғын болса, оны мен не деп жазаман! Ақыры, сен алтын лираңның тары „дыррың" етип үзилген мәўритте-ақ даңғаралы шайыр белгили устаз едиң ғой! Дүркин-дүркин еликлеўшилериң де дурыслап еликлей алмай бүлип атыр еди. Бул жургтың ким болса соған



www.ziyouz.com kutubxonasi

еликлей бермейтуғынын саған айтып отырыўдың, журтқа уктырыўдың неси дәркар!

Жазбасам да баспаның: „кәдирдан достың еди“ деп, баска кәдирданларыннан да гөре өзиме исеним билдиргенине куўандым.

Ырасында да бармак бүгип санасам, биз жигирма жылдан аслам ўакытты кыл кыймас жоралыкта өткерипиз. ТашГУге излеп барып туңғыш дийдарласкан жылымыздан бери еслесем, тилиңниң зәрре бир азары тийген мәўритти таппайман, дослык дослык жайы менен, жоралыктың мәниси өз алдына-дә!... Сол алпысыншы жылларғы мениң көкирегимди еслеймисең сен, мен анаў-мынаў адамның изинен сол тәкаббырлығым менен излеп барыўым мүмкин бе еди! Сондай тәкаббырлык бир маған емес, сол ўакытта әдебиятка „м-е-ен“ деп көкирегине урып келген, „усы ўакытка шекемги поэзиядағы барлык ески сүрдеўге амоналы коямыз!“ деп, даўрык салып жүрген отыздан аслам ҳәўескер кәлемкешлерге тән тәкаббырлык еди. Ҳәзир ойлап карасам, сол отыздан төрт-бесеўимиз ғана калыппыз, баскаларының кимиси полковник, кимиси муғаллим, кимиси eң сәтсиз журналист болып кетти, ҳәтте биреўи ҳәзир базарда гешир-пияз сатып отыр! Калған санаўлы төрт-бесеўдиң де ишинен тек сениң ғана жулдызың бәлент жаркырап шыкканын бүгин айтпасам, нәмәртлик болажак, айткысы келмегенлер еле де көкирегине урып жүре берсин!...

Сонда бизиң отызлағанымыздың ишинде де бирин бири жалған мактайтуғынлар, ишинен мойынлап турып та еситтирип мойынламайтуғынлар күтә көп еди. Бир күни сен ТашГУды тамамлап, усы „өзи болған өзмәмбетлердиң“ арасына:

„Айтарым аз мудам мактанып,
Маған жакын жанажанларым.
Не барымның бәрин актарып,
Айтажакпан жоражанларым.

Жаман жолдас хәр кимге өткен
Буйым екен, жоражанларым.
Жолдас таўып жүриў де көптен
Кыйын екен, жоражанларым...“—деп келдиң...

Сени сүймәўдиң өзи кыйын еди, сен козыдай мөхмин, козыдай биймәлел, козыдай мөлтилдеп ғана жүре-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын бала един, даўысларың-ҳәм ҳәммеден жақсылық, меҳир-муҳаббет тилеген, сумлық дегеннен түк хабары жоқ ерке қошантайдың мәйин даўысындай өлпең ҳәм жағымталлы еситилетуғын, қосықларыңды оқытып тыңлағанлардың қулақ курышы сирә қанбайтуғын еди:

„Мәделлессем досларым менен,
Кейинин ала пушайман жеймен,
„Адамларға азар бергенше,
Өзим азар шегейин „деймен".

Сен усылайша адамларды жақсылыққа, реҳимшилликке, мийирманлыққа шақырып турсаң, ал, тыңлаўшыларың болса усындай сөзлерди тек жақсы адамның ғана айта алатуғынына шексиз исенип отырады, сен олардың усы исенимин ҳеш қашан алдамассаң сирә!... Соның ушын-ҳәм сениң досларың жақсы адамлар еди, олардың бирден көбейип кетиўине де пәкизе бийәделлигиң, әлпайымлығың, ҳәмме менен тил таўып сөйлесе алатуғынлығың, кисиниң күйинишине күйинип сүйинишине сүйсине алатуғының:

„... Маған ысық күндей жалырап,
Адамлардың жайнап күлгени ..."

—деген ҳақ кеўилиң.

Сен отырыспаларымызда бар бол, жоқ бол, бәри бир, сен ҳаққында жақсы гәплер айтыла беретуғын, сениң қосықларыңды досларың ядтан оқый беретуғын еди. Сениң есиңде шығар, сениң менен биз кеўил „тандырымыздан" шыққан тунғыш шерегимизди бала-бақшаның кишкентайларына бердик. Мениң „Үшпелек" сениң „Ақ терек пе, көк терек" деген китапларың шықты. Сен онда бизден узақ-узақларда әскерий ўазыйпаңды атқарып атыр един. Өзиң жоқ болсаң да сениң балаларға базарлығыңның ҳүрметине, ҳәзирги марҳум жораң, белгили әдебият сыншысы Камал Худайбергеновтың Максим Горький көшесиндеги кирейге алып отырған жайына жыйналдық. Сол күни Камалдың байғус анасы түни бойы „Төлекжанның ҳүрметине аўқат таярлаўдан жалықпайман" деп, бир тынған жоғаў! Биз сениң төрдеги орныңды бос қойдық, рюмкаңды толтырып қойдық. Досларың өзиң болып сөйледи, қосықларың өзиң болып сөйледи:



www.ziyouz.com kutubxonasi

„.. Адам болғаным ушын ба!
Канаҳәт жоқ менде,
Сулыўлықты қолда қысымлап,
Көргим келеди демде.

Сулыўлық менин көзиме
Көринбес жалғыз,
Гә нур болып көринер,
Гә болар нәргиз.

Гә болады ағын суўлар,
Ийренлеп аққан.
Гә болады назлы дилбар,
Бир қыя бақкан.

Гә болады кеўилимде өскен,
Ләззетли сеслер,
Жаным маған: „Шадлы сестен
рууҳланып өс," дер.

Сулыўлық болады гейде,
Жулдызлы ақшам.
Сонша сулыў көринер дүнья,
Канша көп бақсам.

Жек көремен бузақылықты
Мысалы Гамлет.
Алгым келер бәр сулыўлықты
Жүрекке жәмлеп.

Кушақлағым келер дүньяны,
Кушаққа сыймас.
Ол ашық етип мени қыйнады,
Оны көз қыймас..."

—Яша Төле-еп!—деймиз биз Қыдырбай Сайыповқа ҳәм сениң қосықларыңды ядтан тақмақлап бергени ушын сыйлық беремиз...

Мушайра даўам етеди. „Төлепбергенниң гөззаллық атаўлының бәринде жумысы бар, Төлепбергенде таў, дала, қыр, қулласы, бәриниң жумысы бар, ҳеш қайсысы оны тынышына қоймайды, соның ушын-ҳәм Төлепберген—шайыр. Мен сизлерге Төлепбергенди ашып беремен,—деп шулғынады Салый Дәўлеталыев.—Инанбасаңыз тыңлап қараң, бунысы еле баспа көрген жоқ, дыққа-ат-ат, оқыйма-ан:

Кыр—далада сайранлар қылсам,
Таў көринер көзиме нардай.
Бәлентликлер үстинде турсам,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Самал ойнар ойнақы ярдай,
Мениң менен жумысы бардай...

—Түсиндирейин бе-е?...

—Түсиндириўдиң кереги жоқ, қосықтың өзи түсиндирип атыр, даўамын оқы!...

Жипек самал гүллерди тербеп,
Көкирегимди сайратар тардай.
Жүрсем егер самалға өрлеп,
Бийҳуўш етип кетеди қандай,
Мениң менен жумысы бардай.

. . . . . . . . . . . . . . . .

Әрман татлы, әрманым сулыў,
Әрманларым бийикти алғай.
Көзде—ушқын, жүректе—жылыў,
Ойлар мени тербейди талдай,
Мениң менен жумысы бардай..."

Мени әпиў ет, достым Төлепберген! Мен саған соңғы сөз де жаза алмайман. Соңғы сөз жазар болсам, қосықларыңды түсиндириўим керек қусаған. Оларды проза тили менен түсиндириў мүмкин емес, тек ғана оқыў керек. Қосықларыңның несин түсиндиремен, сениң кимлигиңди қосықларыңнан артық түсиндире алarман ба, қосықларыңның өзи-ақ аңқылдап ғана айтып тур-аў:

„Алдым ба я қалдырдым ба дос кеўлин,
Үйге қагал, досларыма бос кеўлим,
Дослар менен, қостар менен хош кеўлим,
Қатты кетсем өзимди өзим қысарман,
Сонда ғана досларыма усарман.

Мен билмеспен гейде өкпе, ашыўды,
Мен билмеспен сирә сөйлеп қасыўды,
Мен билмеспен гейде асып-тасыўды,
Асып кетсем кейин жеймен пушайман,
Сонда ғана мен өзиме усайман..."

Сен усылай етип, адамларға өзиң түсиндире бергенсең, сырласа бергенсең, муңласа бергенсең. Оқыўшыларыңның бәри сениң пүткил инсаниятқа:

„...Дәртиң аўыр болса маған бер,
Қосығымды қан жылатайын..."

—деп тиленип, қолларыңды жайыўың менен кеткен



www.ziyouz.com kutubxonasi

әжайып шайыр екениңди билип калған. Жа-ак, өзиңнен артық мен сени түсиндире алмайман...

Мәгар мен сен ҳаққында, бизиң сениң менен өткерген әжайып жаслығымыз ҳаққында, саған „үйленгендей әри ийбели, әри карапайым, әри сулыў бир қыз қыдырып, бизиң дайымның аўылына барғанларымыз, Абат жап бойларының жулдызларға толы әжайып аспаны, шаўқым-сүренли көшелер, таң қулап ийек болып ағарғанша даўам еткен талай-талай әдебий айтыслар ҳаққында, досларымыздың жай кемеклери,ылай тасығанларың ҳаққында жаза берер болсам өз алдына бир том болажақ. Мен бунып машакатынан кашпайман, себеби, жақсыларды еслеў ушын шеккен машакатыңның өзи — ләззет. Бизиң жигирма жыллық дослығымыздың ҳүрметине сен мени әпиў еткейсең — мен саған еске түсириўҳәм жаза алмайман. Еске түсириўлердиң көбинесе өлген жақсылар ҳаққында жазылатуғынын билгенликтен де жазбайман. Сени марҳумлар катарына қосыўға ҳүжданым бармайды, ҳуқуқым да жоқ. Көрип отырсаң ғой, биз екеўимиз мениң жумыс өжиремдеги „Москва" маркалы машинкамның касында жүзбе-жүз, көзбе-көз тирилерше сәўбетлесип отырмыз. Сен мени кешир, сол баяғы жигирма жыллық жоралық дәўиринде де мен касымдағы уллының уллылығын билмегеним ушын кешир! Буны маған мынаў қосықларың ҳәзир айтып отыр. Мине, мениң алдымда сениң „Лирика" китабың жайыўлы. Титулына қарап жибер, мынаў сенин кол таңбаң:

*„Шаўдырбай-аў, достым, Шаўдырбай,*
*Өмир ышқы бизди жандырғай,*
*Бизлер—уллы жаратыўшымыз,*
*Жүрегимиз бәрҳа саў турғай.*

Автор: *М. Төлек.*
*28/VIII—66-ж Нөкис, полиграфкомбинат"*

Есиңе түсти ме кашан жазғаның! Пединституттың өзбек тили муғаллими Ғайып Якубов, Узақбай Пиржанов, сен, мен төртеўимиз түплеў цехындағы сениң „Лириканды" көремиз деп, үсип кирип кетпедик пе?! Түплеў цехының начальниги Сашканың кабинетиндеги кишкене мушайраны, „өз сөзлеримиздиң өзлеримизге узақтан еситилгендей" болып сезилгенлерин есле.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Жүрегимниң тандырында писип шыққан шөрегим, ауыз тий жора," деп, усы китапты усынғанларың еле есимде. Буны сол күни айтканын қылмай, бизлерден айырып, биреўлер конаққа алып кеткен Ғайып Якубов та мәңги еслеп қалған. Бул китап, сениң усы қолтаңбаң маған буннан былай ҳәр кашанғысынан да қәстерли. Буны мен пешанама тийгизип, бир сүйип, архивиме саклап қояман. Балаларым мениң қандай уллы адамлар менен жора болғанымды билип мақтансын! Сен мақтаныш етиўге арзыйтуғын шайыр единң, бәринен де бетер, инсан, шын мәнисиндеги бас ҳәрип пенен жазылатуғын инсан един. „Адамгершиликке абайлы болың" деп, жар салыў менен:

„... Саў болың ағайинлер,
Саў болың көз көргенлер.
Саў болың ағайин Жер,
Саў болың өскен жерлер!..."

—дедиң де тез қайтып келетуғындай хошласып, кеттиң де бардың! Күнде жолына қараймыз, кешигип атырсаң, ағайиним, сен бундай бийтәртип емес един!... Бүгин-ертең редакциямыздың босағасынан атлап келетуғындай есикке қараймыз, биз сени күтсек, қолжазбанды қолтықлап, жубайың Амангүл кирип киятыр! Үйренген әдет пе, я көп зарықтырып күттиргенликтен бе, „Өзи қайда?!" деппен. Түри солғынлаў Амангүл, үнсиз ғана „өзи мынада" дегендей, бауырына басқан қолжазбаны нусқап көрсетти!...

Бирден есиме мынаў түсип кетти: қырмызы мақбалға бөленип сен қолыңды әлипласм алып жатырсаң. Жүристурысы, сөйлеўи шалт болғаны менен усындайда өзин услаўға академик Сабыр Камаловтан қалыспайтуғын яшуллымыз Төлепберген Қайыпбергенов: „Қарақалпақ совет поэзиясының усы ўақытқа шекемги ең күшли шайырының бири көз жумды..." деди де, тығылып, сөзиниң изин айта алмай, жылап жиберди. Сондағы көзинен сорғалаған жасты көзинди бир ашқаныңда көретуғын един, әттең, ашпадың-дә! Бул адамның руҳының қаншелли беккем екенлиги өзине мәлим, бәлким сен" усындай адамлардың көз жасын көрсем қыйналып қаларман" деп, меҳир-муҳаббетке толы, гөззаллыққа ашық, өмирге куштар көзлеринди ашпаған шығарсаң!..

Ҳәзир ойланып қарасам, сонда ол киси қағылмай



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалған қанатыңның пәрўазын, жазылмай қалған дебдиўлериңди, көрилмей қалған қуўанышларыңды жоқлап жылаған екен ғой! Дүньяда аяқланбай қалған қосықтың, айтылмай қалған сөздиң, ҳәўижине минип киятырғанда парта үзилген тардың, бәринен де бетер шала орынланған әрманның пәнти жаман:

„Оҳо! Пушкин парнасына
Мингим келип турыпты,
Шайыр минген таў басында
Турғым келип турыпты...“

Сен сол таўға пәрўаз етип баратыр едиң, қаншелли бәлент әрман бар еди сенде!... Бул—жоқлаўға да, жылаға да арзыйтуғын әрман еди...

Сен „Дүнья сөйлей билер сөйлете билсең“ деп, усы дүньяны тек жақсы нийетлерге сөйлете алған әжайып шайыр едиң.

Мен ҳәмийше „жақсы шайыр өлмейди, оның көзи де сөзинде, өзи де сөзинде. Оның жақсы сөзи ядлардан ядларға, саналардан саналарға көшип, көкиреклерди ағарта береди, жасай береди“ деген пикиримниң еле фанатигимен. Мен де тап өзиңдей:

„...Қарсыман, қарсыман
Және қарсыман
Өмирден өлимниң туўылғанына!..“

Қарсыман! „Жер аўырса мен де аўырдым..“ деген шайырға, бул дүньяда табыт емес, бесик мүнәсип. Бул бесикте өзи менен бирге аўырған перзентин анамыз Жер тербегеди, тербетип уйқылатады. Өзиң билесең, ҳәзир тезлик дәўири. Әўладлар тез ер жетип атыр. Баяғы „Әмиўдәрья“ журналының биз прозасын, сен поэзиясын меңгерип турған күнлеримизде палапан шайырларға:

„Сүйемен деп,
қуры қыйғырыўдан
Не пайда!
Ўатанды,
Адамды
сүйиў керек
Жаның ашып, берилип,
Ашыўланып,
тасып төгилип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күйип сүйиў керек,
Сүйип күйиў керек!...“

—деп зинҳарлай беретуғын едиң. Ҳәзир биразы қанаты жетилип, естияр шайыр болып қалды. Олардың биразы менен үлпетлеспен, шаўқым-сүренли, айтыс-тартыслы баскоспаларына мирәт етеди. Бараман. Сонда төрде мудамы бир орын бос турады. „Төлепберген ағаның орыны ғой!“ дейди биреўи. Менде бир ғайры тәбийий ҳалат пайда болып: „Өзи қайда!“ деймен „Өзи өз орынында!“ дейди тағы биреўи. Тағы биреўи: „Сен өйтип адамларды алдама. Көрип турсаң ғой, оның орыны зорлық пенен жулынған гүрек тистиң орынындай үңирейип тур!“ дейди. „Келе қойса болар еди! Ондағы „Жақсы адамның жүрегин“ айтпайсаң ба, тез келсе екен!“ деп шырпынса, тағы биреўи: „Ондай адам жуўығарада келе қоймас, киятырғанда дүрсилдиси қашшан-ақ еситилер еди!... дейди биреўи қапылтып.

Мениң жүрегим жылап сала береди!...

Мен сениң менен әлўидаҳ айтыспайман, тағы бирде сөйлесермиз, мезгил ярым ақшамнан өтип кетти, азанда ерте жумысқа кетиўим керек, Төке. Әне, сола-ай, не, таныма й турмысаң?

„...Өшип кетермен деп сйлаған едим,
Отымды жандырар жанлар бар екен...“—

деп исенген нешше жүз мың жораларыныың ишиндеги ең жақынларыңның бирим ен ғой. Бар, бийғам, аркайын уйқылай бер, ертең тағы оқыўшыларың менен ушырасарың бар, уйқыла достым... Калыс гәпим усы. Дурыслығына қол қояман:

*Шаўдырбай Сейтов.*

*12-февраль, 1986-жыл, Нөкис.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЖЕР АЙЛАНСЫН ДОСЛЫҚТЫҢ КӨШЕРИНДЕ



## ҚОСЫҚЛАР



www.ziyouz.com kutubxonasi



## ЛЕНИН

Зимистанды журттан зим-зия еткен
Ақылдың гәўҳар шам-шырағы—Ленин.
Инсанға бахыт ҳәм нур инам еткен,
Жәми жақсылықтың булағы—Ленин.

Күн шығар миллион мәртебе батып,
Әлемниң әжайып таңлары атып,
Қанша шексизликке созылса ўақыт,
Сонша шексизликке барады Ленин.

Ленинлик идея мысалы әптап,
Баратыр кем-кемнен жер жүзин қаплап,
Бизлер менен бирге адымлар атлап,
Келешекке қәдем қояды Ленин.

Ленинизм—тиришилик дереги,
Аспанды гөзлеген өмир тиреги,
Орайлық Комитет—соққан жүреги,
Мәңги арамызда болады Ленин.

Ҳәмме безип шығар ески дүзимнен,
Қыйсық жоллар қалып, жүрер дүзиўден,
Адасқан жол сорар ленинизмнен,
Сарраслық гүзары мудамы Ленин.

Ким айтар парлаған қуяш сөнди деп,
Ким айтар қайнаған өмир тынды деп,
Ким айтар Ленинди көзин жумды деп,
Келешекке қарап турады Ленин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмме нәрсе әззи ўақыт алдында,
Таслары унырап кетер таўдың да,
Миллион жылдан соңғы әўладлардың да
Жүрегинде жасап қалады Ленин.

Жүйрик ўақыт зуўлап ара ашса да,
Дүньяда дәрьялар ҳарғын ақса да,
Көктеги жулдызлар гүңгирт тартса да,
Мәңги жулдыз болып жанады Ленин.

## КӨКТЕ ҚУЯШ ҚАЛСЫН, ЖЕРДЕ ЖАҚСЫЛЫҚ

Жуўылып гүптикей, көңилдиң дағы,
Татлы сезим шәменлери оянсын,
Әрман кестесиниң жипек сабағы,
Жақсылық бояўы менен боялсын.

Душпаның дәс келип сени жеңсе де,
Үмит бүртиклери өлип кетпесин.
Көктеги жулдызлар ҳәтте семсе де,
Көңил жулдызлары семип кетпесин.

Жақсы тухымларды саклар бағманлар,
Айтайын мен буны утырында:
Жойтпай сақлаңызлар жақсы адамлар,
Жақсылықтың барлық тукымын да.

Ҳайран болған ўақта ақыл-ҳуўшларың,
Түрли бәле-қадалар қаплағанда,
Жақсылықты сақлап қалың досларым,
Қыста қоламтада қоз сақлағандай.

Достым, халық ушын егер қабарсаң,
Түрли бәлелерден сени қорғайын.
Зериң болмаса да сен жарқырарсаң,
Көңилиңде жақсылық болсын ҳәрдайым.

Өмирдеги мениң мақсет-мурадым:
Қуўып шығыў қайда болса пәс қылық.
Дүньяда не қалсын десе, жуўабым:
Көкте қуяш қалсын, жерде жақсылық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТӘБИЯТҚА ТӘНЕ

Адамлардың ағласы саған
Қуяштан кем хызмет етпейди,
Жақсы иси етеди даўам,
Неге жасы жүзге жетпейди?

Адамларға бахыт дүньясын
Ашқанларды неге көрмедиң?
Айт, тәбият, Қуяштың жасын
Сен Ленинге неге бермедиң?

Адамлар бар бериўши қызғын,
Жулдыз киби өтер жарқырап,
Миллиард жасар жарық жулдыздың
Жасын жасап кетпейди, бирақ.

Жулдыз киби хызмети басым
Екенлигин неге көрмедиң?
Айт тәбият, жулдыздың жасын
Жақсыларға неге бермедиң?

Тилге келди тәбият сонда:
— Буның ушын жемеңиз қайғы,
Жулдыз аты умытылса да,
Жақсының аты умытылмайды.

Қуўат кетип, бир күни тыным—
Табар, бәлким, көктиң қуяшы,
Бирақ, Ленин тәлийматының
Таўсылмайды энергиясы!

## МАҚТАНЫШ

Мақтаныш сезими көкректи кернер,
Ел менен нәўпирдур шадлық дәрьясы.
Тынышлық байрағы қолда желбирер,
Елим гүллән жақсылыққа жол басы.
Атлаған бахыттың босағасынан,
Мен дана Лениниң Ўатанласыман!

Халықтанман Лениниң меҳри түскен,
Сонлықтан мәканым сулыў, хоширей,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кутлы Ўатаныма қуўанаман иштен,
Усы руўхый күшлер мени өсирер.
Октябрь таңының нур-шуғласынан,
Көркейген журтымның заманласыман.

Гербинде бириккен Балға-Орағы,
Саўлатлы Ўатаным әжайып аўкам.
Шақаларын жаяр дослық дарағы,
Алтын нуры менен аймалар ҳәр таң.
Дослықты аңлатқан көз қарасынан,
Туўысқан халықлардың заманласыман.

Мақтаныш етемен Ўатанымды мен,
Тәбият бермеген қанат жаратқан,
Космослық дәўирдиң пәрўазы менен,
Қалғып кеткен жулдызларды оятқан,
Биринши жол салған көк арасынан,—
Юрий Гагаринниң заманласыман!

## ДҮНЬЯ СӨЙЛЕЙ БИЛЕР

Дүнья сөйлемейди деген гәп ялған,
Дүнья сөйлейди ол, сөйлете билсең.
Ол жанлы, аяғын басады маң-маң,
Ол сүйеди сени, сен оны сүйсең.

Адамлар, адамлар, дүнья қолыңда,
Қалай сөйлетсеңиз, сөйлейди солай.
Ҳеш кандай нәрсеге жарлы емес дүнья,
Жаманлық бисияр, жақсылық нобай.

Сөйледи бул дүнья талай заманлар,
Түнерип-түнерип тунғыйық болып,
Әйдарҳа тилиндей тили жалаңлап,
Топалаң, улы-шуў, қум-қуўыт болып.

Дүнья гейде жуўас, гейде жалмаўыз,
Ол жыртқыш ҳайўандай ырылдап сөйлер.
Өзиң жаўыз болсаң, олдағы жаўыз,
Пулемет болып та тырылдап сөйлер.

Дүнья сөйлер дәрья ағысы менен,
Сөйлер халықларға қонған кут болып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйлер сондай татлы даўысы менен,
Сөйлер ол ырғатылған бийдайлық болып.

Пролетар көсеми Ульянов Ленин,
Дүньяға жаңадан сөйлеп тил берди.
Барлық континентлер усы тил менен,
Сөйлеп үлгерди.

Бул дүнья кем-кемнен жақсыға дөнер,
Болмайды бахыттан сөйлемесе де.
Дүнья сөйлей билер, сөйлетсең егер,
Бирақ, қалай сөйлетиўде мәселе.

## БИЗ ҚУШАҚ АШАМЫЗ АШЫЛЫЎЛАРҒА

### I

Заманым заўықлы. Шыңларға шығып,
Қарайман тағы да жаңа шыңларға.
Алыс мәнзиллерге көзимди тигип,
Қол созып бараман жаңа жылларға.

Турған бийиклимнен қарайман пәске,
Қанша көтерилип, қанша өскенбиз!
Қаншама жақтылық бергенбиз кешке,
Қанша тастай түйинлерди шешкенбиз!

Мың жыл таслап кеткен аралықларды,
Толтырып барады жедел, өскинлик.
Жүз жыл ислемеген жаңалықларды
Ендирип барады бизиң Бес жыллық.

Жаңа Бес жыллықтың жаңа баласы—
Сәлем, Жаңа жылым, Сексен биринши!
Бахыт ҳәм де шадлықлардың жаңасы
Қағып тур қапыңды, халқым сүйинши!

Халқым жаңа жылды жыллы қабыллар,
Ўатаным халықлары бәрҳа дос, татыў.
Және атыў ушын жаңа адымлар
Бес батыр орнына келди Бес батыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сырын аян етип нешше сырлардың,
Зор ғайрат саламыз қосылыўларға.
Құшағына енип жаңа жыллардың,
Биз қушақ ашамыз ашылыўларға.

2

Жыллар өткен сайын кеңейер жоллар,
Еллер түсинисип, жибисер тоңлар.
Көңил қабармасын, қәдирданларым,
Иморатлар қурып қабарсын қоллар.

Тынышлық—урандур ғаррыға жасқа,
Уллы мәселе жоқ усыдан басқа,
Болмасын адамның қурал-жарағы,
Тек те еки қолы, мушынан басқа.

Тынышлықты қорғаў-зор ис дегениң,
Жаманлық пенен ҳеш көриспегениң,
Нәлетий урыстың гөри қазылып,
Тепкилеп көмилсин урыс дегениң.

Жақсы нийетлилер қуяшлас болсын,
Дүнья халқы ҳадал класслас болсын,
Ақаяқлар аяғынан ақсасын,
Тислеўиктиң тиси пласмасс болсын.

Дүньядағы кескинликлер жумсарсын,
Жәҳилдиң көңилине жақсы ой салсын,
Жолы дүзиў болсын өзи дүзиўдиң,
Жолы қыйсықлардың өзи қыйсайсын.

Қыйсық жолдан жүрген сүринип кетсин,
Досқа зыян еткен урылып кетсин,
Апыл-тапыл қәдем басқан бөбеклер
Жаңа жылда сөйлеп, жуўырып кетсин.

Жақсыларға мудам күн ашық болсын,
Төрт тәрепи құбла-жол ашық болсын,
Жети ықлым жайнап қуўанышынан,
Халықлардың алғысы минәсип болсын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Минезлер жипектей болып есилсин,
Былтыр түсинбеген быйыл түсинсин,
Жолы ашық болсын көңили ашықтың
Көңили жабықлардың жолы кесилсин.

Жүзгеше картаймай өмир сүриңиз,
Ҳеш ўақта солмасын өмир гүлиңиз,
Қайғы адамзаттан бөлек жасасын,
Шадлықхана болсын бәрҳә үйиңиз.

Душпанлар аяққа бас урып өтсин,
Қара көкиреклер басылып өтсин,
Бала-шағасына бермей жыйнаған
Сықмардың дүньясы шашылып кетсин.

Жақсылардың аты әпсана болсын,
Пейилдиң жаманы шошқада болсын,
Журттан жыйғанлардың аўзы гәшшийип,
Шермендеси шығып, масқара болсын.

Журтым сексен бирге ыразы болсын,
Ҳәр қандай бәлениң иләжи болсын,
Өзинен басқаны сүймегенлерди
Аяз атамыздың аязы урсын.

Өнерлиниң бармағынан пал тамсын,
Мың да бир бәледен аман жан қалсын,
Саатлар жүрсе де шебине қарап,
Ғаррылар оңына қарап қартайсын.

Дарақлар ырғалып өссин далада,
Турмыслар өзгерип, көшсин жаңаға,
Жигитлер қызларға усай бермесин,
Бирақ, усап барсын аўыл қалаға.

Адам билмейтуғын шүңгил қалмасын,
Досларым, өмириң гүл-гүл жайнасын,
Бәрҳә ашық болсын көңил аспаның,
Қыста да бағыңда бүлбүл сайрасын!

*31-декабрь, 1980-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Мен ҳаққында шығарып ҳүким,
Айыр мени байрам-тойыңнан.
Болсын десең шадлығым пүтин,
Қосығымнан мени айырмаң.

Ақ көкрек болса ҳәр адам,
Сумлық болмас ақыл-ойында.
Айыр мени өтирик-жаладан,
Ҳадаллықтан мени айырма.

Шадлық тауып усы бостаннан,
Қуанышым сыймас қойынға.
Айыр мени жалған дослардан,
Ҳадал досларымнан айырма.

Бул дүньяда ырас сөзлерден
Қымбатырақ не бар шайырға!
Айыр мени шийрин түслерден,
Ашшы ҳақыйқаттан айырма.

Не бир, не бир ауыр жүклерден
Салмақ түсип турсын мойынға.
Айыр мени жеңилтеклерден,
Ауырлықтан мени айырма.

Уатаныма сөз айтпа ойнап,
Түсимде де оннан айырма,
Жазаласаң, жазала байлап.
Ана жерде өскен қайыңға.

Шырайымды урлайын десең,
Жаслығымнан айыр, қайылман.
Ардан жуда қылмайын десең,
Ана жерден мени айырмаң.

## АНА

Ана садық бизге удайы:
Әдиулеймен ананы жалғыз.
Болғанда да қыямет-қайым,
Сени таслап кетпейди ҳәргиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийримлилик океанынан,
Суўсын берер аўырсаң ана,
Қабырғасы қайысып шыннан,
Бас ушыңда болар сол ғана.

Елге апатшылық келгенде,
Ҳәр ким басы менен ғай болып,
Көкте жулдыз сийрексигенде,
Туўылады саған Ай болып.

Ана киби болмас шын дос та,
Өмир деген талай арпалыс.
Ҳәмме сеннен бас алып қашша,
Айланады тек ана байғус.

Егер саған қәўип дөнгенде
Ҳәмме қашып табар басқа жол,
Тири болса анаң әлемде.
Тек қасыңда қалатуғын сол!

## ҚАРТАЙЫЎҒА АСЫҚПАҢЫЗЛАР

Қуўанамыз күн өткен сайын,
Киси қатарына қосыламыз.
Биз үлкейип жыл өткен сайын,
Жыллар тез өтсе деп асығамыз:

Жасарыўға асыксақ бир гәп,
Асығамыз неге қартайыўға?
Турған жақсы емес пе нурлап,
Өскен гүлдей март айында?

Жаслық деген жап-жасыл майдан,
Гүзде сәнсизленер палыз да...
Неге асығамыз? Сулыў шырайдан
Айрылыўға асығамыз ба?

Жыллар алып кетеди кем-кем,
Сәнимизди, жаслығымызды,
Неге алып кетпейди екен
Жаслық емес, пәслигимизди?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәңги жайнап турмайды бәҳәр,
Жыллар зуўламас деп қорықпа.
Өмир деген бир уллы сапар,
Үлгересең ғарры болып та.

Эҳ, жаслық тәрк етпеген кимди!
Жаслық өтсе ҳешким куўанбас.
Бир ўақлары жас болғаныңды,
Әўладларға айтсаң инанбас.

Сизлер жаслық дәўраныи сүриң,
Жайнай бериң ҳәзирги жаслар.
Бул өмирди көркейтип турың,
Қартайыўға асықпаңызлар.

Тез картайыў-жанға қаслыкты,
Елдиң сәни жигитлер, қызлар,
Жеңил күлки менен жаслықты
Өткериўге асықпаңызлар.

Гүлге ғумша байлатып кетиң,
Жаслығына болмаң карыздар.
Бул өмирди жайнатып өтиң,
Қартайыўға асықпаңызлар.

## ТӨРТЛИКЛЕР

* * *

Мен ҳайран қаламан: не ушын таўлар
Бийик болған сайын суўық болады.
Мен ҳайран қаламан: гей бир адамлар
Бийик болған сайын суўық болады.

* * *

Қыйратқанын көргенде
Адамнан жинли нәрсе жоқ.
Жаратқанын көргенде
Адамнан уллы нәрсе жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Жақсы китап-жанның азығы,
Тез жетеди жигит-қызларға.
Дузы кем китаплар дүканда
Қосылып сатылады дузларға.

* * *

Жеткиликсиз күнниң баққаны,
Көзиң қуяш болып бақпаса.
Жеткиликсиз Әмиўдиң аққаны,
Меҳриң дәрья болып ақпаса.

## ӨМИР СУЛЫЎ

Адамлар сарыплар қуўатын, күшин,
Қалай сарыплағанын жол айтып өтер.
Көп нәрсе жоғалтар келешек ушын,
Ҳәтте жаслығын да жоғалтып кетер.

Аға-аға уйық тебер дәрьяны,
Адам жасай-жасай кетер дәрманы,
Бирақ әзелден бар ески дүньяны,
Қайтадан жасартып, жаңартып кетер.

Келешек әжайып өмир болсын деп,
Дүньяның рәҳәти кейин болсын деп,
Улы-қызларына жеңил болсын деп,
Өзиниң үстине жүк артып кетер.

Адамның ҳәр қашан мақсети бийик,
Арзыў-әрманларын турар нур сүйип,
Дүнья бүннан бетер ағарсын дейип,
Ҳәтте сақал-шашын ағартып кетер.

Өмир сулыў, жасасаң да қыйнала,
Өмир сулыў, бармас көзиң қыймаға,
Адам картайса да жақты дүньяға
Қарай-қарай көзи қумартып кетер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МӘҢГИ БУЛАҚ

Таўлардан аққан суў таза ҳәм тынық,
Оннан қанып-қанып бир ишсем дерсең.
Әтирапында гүллер өсер қулпырып,
„О, бийиклик!“ деймен шыңларды көрсем.

Мен Ленинди мегзетемен шыңларға,
Оның идеясы сонындай пәкдур.
Мен Ленинди көсемимди тыңларман,
Оның идеясы таза булақдур.

Шадлығы жадырап жүзине шыққан,
Ҳәр бир адам сол булақтан нәр алса.
Бул ялған сөз емес, мине сонлықтан,
Совет адамының жүреги таза.

Ленин идеясы шыңлардай бийик,
Уллы идеядан ҳәмме нәр алар.
Жасаймыз бәрҳәма биз оны сүйип,
Сонлықтан көңлимиз көкке барабар.

## КОМСОМОЛ ЖАСЛАРҒА

Ҳәр жыл тода-тода тырналар ушар,
Мың жылда мың дөнип мәўсим алмасар,
Ўақты жетип мүжилсе де асқар таў,
Комсомол жаслығым мәңгиге жасар.

Ленин ақылының мелдир булағы,
Жаслар өмиринде жайнап турады,
Сол булақтан нәр алғанлар удайы,
Мәңги жаслық болып жайнап турады.

Елимиздиң көрки, жамалы сизлер,
Уллы коммунизм адамы сизлер,
Лениnниң урпағы—комсомол жаслар,
Ленин өмириниң даўамы сизлер.

Сизлер жүрген жерде сазлар шертилип,
Меңиреў далалар жайнар жан кирип,
Сибирь кәнлерине ашылып жоллар,
Тундра түнеги қашар серпилип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сизлер жүрген жерде гүл шешек атар,
Қалалар бой тиклеп, дүзейди қатар.
Бостан болып Еллик, Қаршы шөллери,
Әлўан-әлўан гүллер әтир таратар.

Айбатыңа жаўлар бағынып турар,
Саўлатына таўлар табынып турар.
Комсомоллық ғайратыңнан Ана-Жер
Жаслық липасларын жамылып турар.

Жаслық интә, жедел ҳәм де ықласың,
Қыйынлыққа қасарысып қайтпасын,
„Жасыңда да қарық емес едиң" деп
Қартайған шағыңда ҳеш ким айтпасын,

Иси менен елин жайнаттырмаса,
Бойда жаслық жигер қайнап турмаса,
Жаслық саўлат, шырайыңнан не пайда,
Жүрегиң от болып лаўлап турмаса.

Ғайратыңа таў қулатып жасаңыз,
Бул өмирди жарқыратып жасаңыз,
Досларыңды сүйсиндирип исиңе,
Душпаныңды қалтыратып жасаңыз.

Елге хызмет етиў-бас уғым болсын,
Ылғаллы мийнетлер дәстүриң болсын,
Кейинги әўладлар айта жүргендей,
Мақтаныш еткендей жаслығың болсын.

Гүллер қулпы дөнип басқан изиңде,
Нәзериңди келешекке дүзиўле,
Илгери нийетли комсомол жаслар,
Көрискейли болсын коммунизмде.

## ЖЕҢИС

Дүньяға тынышлық дәнин себемиз,
Қарсылыққа қасарысып келемиз,
Тилегимиз дурыс, жолымыз саррас,
Биз жеңдик, жеңемиз, жеңе беремиз.

Урыс—жәҳән жүзиндеги қара дақ,
Күйген мийнетлер ол, күйген дәрамат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әламат қураллы жоқ етиў ушын,
Адамлардың күши керек кәрамат.

Алдымызда еле уллы жеңис бар,
Жоқ болар жәҳәннен урыс-қағыслар,
Пазнаға айланып ракеталар,
Тынышлық дүньяда мәңги қоныслар.

Еле ўақыт келер, мен ойлап турсам,
Дәри ийиси емес, аңқыйды жуўсан.
Қурал жарақларды қатарластырған,
Өтмишине күлип қарайды инсан.

Талай президентлер келип кетеди,
Талай әзәзүллер өлип кетеди,
Пүткил адамзаттың кәҳәри менен,
Урыстың музлары ерип кетеди.

Суўдан тыныш, қардан ақдур арымыз,
Адамзаттың дәртлерине жарымыз,
Бир елде өрт болса—өрт өширгишпиз,
Парахатшылықтың байрақларымыз.

Тән емес бизге журтты қызғаныў,
Мақсетимиз жүрек емес, муз жарыў.
Бизиң қуралымыз-келисим дүзиў,
Бизиң ураныңмыз-қуралсызланыў.

Халқым айтар, „Шоқмар жыйнайды тентек",
Империалистлердиң әдети ол тек.
Ҳеш қашан дүньяда болмасын урыс,
Болсын ол ўақытқа әбәший ертек.

Нийетимиз ҳақлығын аңғарыў ушын,
Гербдеги Орақ-Балғаны түсин,
Бизлерде қудиретли қурал-жарақ бар,
Силтеў ушын емес, қорғаныў ушын.

Жоқ болар дүньядан урыс урығы,
Ҳәм де душпанлардың жаман қылығы,
Адамлардың емес, көбейип барар—
Қурал-жарақлардың қойымшылығы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲАДАЛ АДАМЛАРДЫҢ ЖҮРЕГИ

Адам деген әжайып нәрсе,
Онда сырлы материклер бар.
Илим оны тексерип көрсе,
Еле көп нәрсени аныҡлар.

Доктор аныҡлайды кеселин,
Рентгенге салып көп ҡарап.
Бирақ қандай адам екенин,
Айта алмас ҳеш бир аппарат.

Жаны иплас жанларда, доктор,
Айтса „жүреги таза“ деп.
Жүрегинде ауырыу көпдур,
Дүзелмейди пал жеп, ғоза жеп.

Жүрек, жүрек, аяйман сени,
Жаны ипласлардың жүреги!
Сол қараңғы сарайдан сени
Сыртқа алып шыққым келеди.

Қайда барса, сен сонда барып,
Хызмет қылдың сен оған узақ,
Абайсызда қоршауда қалып,
Әсир түскен адамға усап.

Жаны таза жанларды, доктор,
„Жүрегинде дақ“ деп қыйнама,
О, оларда пазыйлет көпдур,
Биле билмес медицина да.

Жүрек, жүрек, жәбиркеш жүрек,
Ҳадал адамлардың жүреги,
Сени жақты қуяшқа теңеп,
Көклерге көтергим келеди.

Адамлардың ҳадал екени
Айландырмас ЭВМ мийин,
Кимниң қандай адам екенин,
Адам билер ең алды бурын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсылардың жүреги бәлким,
Даўа таппай жоғалып кетер,
Бирақ атын өз ийесиниң
Бәлентликке шығарып кетер.

## ТАРТЫЛЫС ЗАҢЫ

Әлем сырларының әндийшеси бар,
Түнлерде аспанға көп қарар адам.
„Анаў жымынласып турған жулдызлар
Түсип кетпеймекен?“ деп қалар адам.

Ньютон қануны жасайды мәңги,
Ким кетеди өз анасы қасынан?
Өз заңына садық сайяраларды,
Ҳеш ким тайдыралмас орбитасынан.

Айланар қуяштың әтирапында,
Мениң планетам—Ана жулдызым.
Жасап турмыз биз тартылыс заңында,
Ҳеш ким бура алмас жолларды бизиң.

Миллиард жыллар бойы жулдызлар бәрҳә
Бирин-бири теңдей күш пенен тартар.
Қуяш әтирапында айланғанларда
Жақтылық келешек болмағы дәркар.

Адамлар жулдыздай көринер көзге,
Дийдар көриспесек сағынамыз биз,
Бәрҳәма сүйенип бир-биримизге,
Тартылыс заңына бағынамыз биз.

Биз таўап етемиз дослық қуяшын,
Ол аман сақлайды пүткил дүньяны.
Тек жулдызлар емес, адам дүньясын
Бириктирип турған тартылыс заңы.

## БОЛАР

Болсадағы ҳәмме күннен нур емген,
Дүньяда дослар да, душпан да болар.
Адам да қуралар түрли реңнен,
Қан-қырмызы, тис-ақ, шаш қара болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсының сүйкимли болар шырайы.
Жазда сууытқандай ҳаўа райы,
Қызғаншақ жигиттиң көңил сарайы
Саратан ишинде музхана болар.

Жақсы сөзди ҳәмме сыйлар,
Жаман сөзли ҳәр бәлеге шаталар,
Қосылғаның болмаса шын опадар,
Көзи сенде көңли басқада болар.

Елине мин таққан естен айырылып,
Жерине мин таққан күштен айырылып,
Ҳәммеге мин таққан достан айырылып,
Соңында әлемге әшкара болар.

Кең дүньяға неге керек таршылық?
Гейде соған қыйналаман арсынып,
Совет елиндеги бирәдаршылық,
Әўладтан әўладқа әпсана болар.

„Бахыт" деген сөзден ағла Гәп бар ма,
Нур болып таралар барлық жақларға,
Ленинлик идея барлық ўақларда,
Руўхый өмирге баслама болар.

Хызмет десе өзин алып қашқанлар,
Тегин дүнья ушын аўзын ашқанлар,
Насақ сөзди тумлы тусқа шашқанлар
Тәни ақ болса да, ташқара болар.

* * *

Илҳам алсам алтын таңнан,
Жазғанларым ҳақ гәп болар.
Жас көңилде арзыў-әрман
Қысы жазы қат-қат болар.

Жананлар мегзер думанға,
Жақсы адам бул заманда,
Көңилханаң музлағанда—
Жылытыўшы әптап болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп болар журттың сулыўы,
Қыйсық болсада мурыны,
Пәкизе болса қылығы,
Қара бала, аппақ болар.

Билмесе жақсы-жаманды,
Ҳадалға қосып ҳарамды,
Тум-тусың бәрҳа қараңғы,
„Соқыр теке бақ-бақ“ болар.

Ишпей-жемей пул сақлаған.
Көңилинде кир сақлаған,
Ҳәр кимге бир жалтақлаған
Ақыллы да ақмақ болар.

Жөнсиз күлкиге берилсең,
Жумыс ислеўге еринсең,
Журт көзине жин көринсең,
Изги жағы „ўақ-ўақ“ болар.

Гөрқаўлығыңды тыялмай,
Журт ҳақын жесең уялмай,
Сууы төгилген қумандай
Абрайың лақ-лақ болар.

Адам болмайды ниетсиз,
Тил деген болар сүйексиз,
Сөзди сөйлесең дәйексиз,
Басыңда көп тоқпақ болар.

Жуўабым жоқ көп саўалға,
Гей жақсы мегзер жаманға,
Ғарры үйленсе жананға,
Ел аўзында көп гәп болар.

Қойма өзиңди жоқары,
Халық берсин саған баҳаны,
Журт жапқан ҳүрмет шапаны,
Бойларыңа шап-шақ болар.

## ТЕРМЕ

Топасларды кескир болып жеңемиз,
Нәкасларды ушқыр болып жеңемиз.

Наҳақларды биз ҳақ болып жеңемиз.
Шатақларды биз пәк болып жеңемиз.

Сайызларды тереңболып жеңемиз,
Аўызларды гереңболып жеңемиз.
Быжықларды биз жат болып жеңемиз,
Нәмәртлерди биз мәрт болып жеңемиз,
Қыйынлықты шыдам болып жеңемиз,
Наданларды адам болып жеңемиз.

* * *

Гүлдирлетсе гүлдирмама
„Дигирманын"
Қабақ үйип, айнып ҳаўа,
Жаўар жаўын.

Жаўған жаўын—жердиң суўы,
Пуў болып ушқан,
Сонлықтан да аспан жасы,
Жерге туўысқан.

Ол булыт болып қаңғыды узақ,
Таппады мәкан.
Ата-анасыз балаға усап
Тар болды жаҳан.

Жалықтырды қаңғымайлық,
Қайғысы артты.
Түнерди ол қабақ үйип,
Жерге қумартты.

Ойланса да удайына,
Таппады имкан.
Кейин аспан қудайына,
Салды ол қыйқаң.

Қудайдан да болмай жәрдем,
Айланды жасқа.
Қамықса да ол бәрҳа, ҳәр дем,
Илаж жоқ баска.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көз жасынан ашылған көздей
Ашылды аспан.
Қуўанышлы анадай мысал,
Жер болды бостан.

Өсти гүллер жайнап, жадырап,
Төгилген жастан.
Қулпы дөнди дала әтирап,
Гирбиң жоқ ҳаслан.

Ана жерим сениң ушын
Төгилсе жасым,
Жадыратсын топырағыңның,
Кийттай гиясын.

Мениң жасым Ана-Жерим,
Тек саған тамсын,
Қуўанышым, қайғым да мениң,
Тек сенде қалсын.

## БИР АДАМНЫҢ ӨЗИ БИР ДҮНЬЯ

Биреў шешен, биреў жоқ сөзге,
Ҳәр адамның орны гиреўли,
Ҳәр адамның минези өзге,
Қайталамас биреў биреўди.

Аңлаў аңсат емес оншама,
Бар ашық ҳәм түйин адамлар,
Жулдызлардан жақын болса да,
Жулдызлардан қыйын адамлар.

Адамлардың бәри керектей,
Бири жумсақ, бири қаттыдай,
Жақты ишиндеги түнектей,
Түнек ишиндеги жақтыдай.

Мунлы деп сен коймағыл гийне,
Тегин емес шығар муң-зары,
Жабық деп сен қабақты үйме,
Ишиндедур бәлки гүлзары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол мудамы күлип жүргенге,
Жоқ демегил көңилинде қайғы.
Адам қыйын биле билгенге,
Ҳәтте изертлегеннен Айды.

Сен гәрдийме өзимшил достым.
Дүньяларға толы бул дүнья.
Итибарсыз қалмасын ҳеш ким,
Бир адамның өзи бир дүнья.

* * *

Гейде өзим қарызларға батсам да,
Пул қарыз сораған меннен адам көп.
Уяты азларды ушыратсам да,
Ар-намыс сораған меннен адам жоқ.

Мақтанар адамлар байлығы зыят,
Аяйман оларды көрип ҳәр сапар,
Мың манатқа алмас бир мысқал уят
Бирақ бир манатқа уятын сатар.

Мен оларды қосқым келер қатарға,
(Уяты жоқ адам бийик болмайды),
Уят қарыз болар едим оларға,
Бирақ та қарызға берип болмайды.

* * *

Көңилим—жақсылыққа толы ғәзийнем,
Кестелер тоқыўға тайын сөз-ийнем.
Сулыўлықты көрип жаным жадырар,
Әбешийге атланады әжийнем.

Жасайман қосығым, ғәззелим менен,
Көңилим көтериңки өз елим менен,
Бир урсаң өлермен жаман сөз бенен,
Мың урсаң өлмеймен нәзелим менен.

Сеңлер жибиседи нур-әптап пенен,
Тас баўырлар ерир жақсы гәп пенен,
Бир урсаң өлермен дөҳмет сөз бенен,
Мың урсаң өлмеймен ҳақыйқат пенен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанға жәбир етсең жекириў менен,
Өмириң өтпей ме өкиниў менен?
Қайғыдан қаргайып, жасарарман мен—
Уқшатып бир урсаң меҳириң менен.

Көңил бойсынбайды күш-карыў менен,
Душпан яр-дос болмас мушларың менен.
Жөги сыйласықган мың мәрте зыят
Ҳадал ашшыласыў досларың менен.

* * *

Тәбият ҳақ. Бәри жайында
Түни болар ҳәм де күндизи.
Гүз паслында, бәҳәр айында,
Жымыңлайды көкте жулдызы.

Гейде ашық, гейде ашыўлы...
Жаўын жаўар әсте силпилеп.
Шақмақ шағып, зыңып жасыңды,
Түнереди аспан гүркиреп.

Соң ашылып сулыў жамалы,
Көңилиңниң гирти кетеди...
Желпип есип жипек самалы.
Егинлерди еркелетеди.

Ҳеш нәрсени турмас жасырып...
Ойланаман усы ҳаққында.
Адамлар да күндей күлимлеп,
Көктей гүркиресин ўақтында.

* * *

Муҳаббатты жаздың деп
Айыпласа критик,
Сүттей аппақ сезимди,
Жибергени иритип.

Муҳаббаттан турады,
Адам деген шынында,
Арза берер ҳаялын,
Бир сүймесең жылында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнниң муҳаббатынан,
Таста да гүл гүллейди.
Муҳаббатсыз жигитке
Ғарры қыз да тиймейди.

Биз муҳаббат арқалы,
Ҳәр нәрсеге берикпиз.
Муҳаббатсыз адамға,
Пүткил дүнья көриксиз.

Мен өмирге ашықпан,
Муҳаббатты қосаман.
Муҳаббатсыз қосықтан,
Барлық ўақта қашаман.

Муҳаббатты жаздың деп,
Айыпламаң сыншылар.
Муҳаббатсыз адамнан,
Адам емес, жин шығар.

## ШАЙЫР ТӘБИЯТЫ

Ҳадаллық деп айрыларман жан достан,
Наҳақлыққа күйип-күйип өтермен.
Мен халықтың үстинен қарай алмаспан.
Биракта өлгенше сүйип өтермен.

Шынлықтың жолында мен кеширсем де,
Үлкен болмадым деп ҳеш налымаспан.
Таза кийимиме дақ түсирсем де
Ҳүждан сарайыма шаң жуқтырмаспан.

Достым, жүрегиме жара салсаң да,
Қорықпа, жүрегиңе жара салмаспан.
Көңилде муң сақлап жасай алсам да,
Көңилде кир сақлап жасай алмаспан.

Мен ала алмаспан бузық ақылды,
Тарпыўға ушырап ессиз қалсам да.
Достым, сындырарман „қыйсық шақынды",
Бул аспан астында доссыз қалсам да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен шыққан бийикке шыға алмаспан,
Журтқа ҳәмирим жүрмес, бирақ, умытпа,
Пәсте деп күлме сен, мен ҳадал болсам,
Бийик бола аларман пәсте турып та.

Жәбирлей алмаспан жаны ҳадалды,
Ол ушын өзимди қыйнай аларман.
Гей бир нәкаслардай жақсы адамды,
Мен қорлай алмаспан, сыйлай аларман.

Ўатаным—кең мазмун өмириме ол,
Ўатаным—анамдай әзиз гүлбағым,
Орден тақпаса да өңириме ол,
Орден деп билермен берген ығбалын.

Адамға аңқ етип мен алданарман.
Қашанғаша жүрер адам сақ болып.
Жарлы болсам да мен арлы боларман,
Мен жасай алмаспан жарамсақ болып.

Мен де қарапайым сиздей, адамлар,
Даңқым да тарамас, бәлки гәп болып.
Жасай алмасам да болып ҳәмелдар,
Мен жасай аларман азамат болып.

Жан бере алмаспан ҳәр кимди сыйлап,
Қаяғына болсын бий шара бир жан.
Сәл нәрсеге емес, Ўатандай қымбат,
Нәрселерге жанды етермен қурбан.

## ӨМИРДИҢ БӘРИ ТОЙ ЕМЕС

Өмирдиң бәри мәйхана,
Өмирдиң бәри ҳәз емес.
Өмирдиң бәри тойхана,
Өмирдиң бәри жаз емес.

Биразлар татып көрмейди,
Өмирдиң асы ашғылтым.
Ҳеш кимге өмир бермейди,
Рәҳәт атлы паспортын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр кимде кәлер шуўақты,
Ҳәзликти кимлер тилемес.
Өмирдиң жолы қыяқлы,
Өмирдиң бәри гүл емес.

Өмир деген бийик шың,
Шығасаң шыңға тырмасып.
Өмирде болар қайғы-муң,
Шыңларды турар қар басып.

Аҳ, жаслық деген гүл өмир,
Жаслықты кимлер күсемес.
Жайнап бир турар бул өмир,
Өмирдиң бәри қыс емес.

Дөң жерлер суўсыз қалады,
Жерлердиң бәри ой емес.
Азалы күнлер болады,
Өмирдиң бәри той емес.

## МЕНИҢ ЖҮРЕГИМ

Жүрек, жүрек, мениң жүрегим,
Сарайымда сайраған қусым,
Жақсылықты көрип ийерим,
Сен жасама тек те мен ушын.

Қосық жазған Ўатан—Анаға,
Мен емеспен, шыны шайыр—сен.
Қуўаныштан сыймай ханаңа,
Көкирегимди қарса айыр сен.

Ал, набада, айтайын енди,
Кемип кетсе менде ар-намыс,
Жансыз қалдыр мениң денемди,
Көкиректи жарып пырлап уш.

## БУРЫН

Жүргенге не жетер, достым, ҳағына,
Заман ҳадаллыққа гәплескен бүгин,
Киргенди көрмедим рәҳәт бағына.
Азабын, зәҳметин шекпестен бурын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болмаған бул дүнья кимниң сорамы?
Өшпенлилик қашықлатар араны,
Дүнья әзелден-ақ болған жаралы,
Ески диййаллларды оқ тескен бурын.

Күнниң көзин бүркей алмайды перде,
Шадлық шан-шәўкети гезеди елде,
Жақсылық тухымын шашыңлар жерге,
Жаманлық тухымын сеппестен бурын.

Бар еле адамлар шықпаған биййик,
Бар еле дүньяда арзыўлы үмит,
Жоқ шығар бирақ та қыз өпкен жигит
Әўели анасы өппестен бурын.

Ана меҳири болмағанда егер де,
Адамзат баласы өсип өнер ме?
Исенбеймен жер жасарды дегенге
Қуяш нур-сәўлесин шашпастан бурын.

Бизиң гөззал Ўатанымыз—Таң ели,
Жети журтқа жетер қызғын сәлеми.
Адам адамларға жетсин әўели,
Алыс жулдызларға жетпестен бурын.

Бахыттың қуяшын парлатып кетиң,
Өмирдиң жулдызын жайнатып кетиң,
Мәңгилик естелик орнатып кетиң,
Мәңгилик уйқыға кетпестен бурын.

* * *

Достым, далаларға салайық нәзер,
Алтын гүл пасылын көңилим сүйеди,
Тәбият талларды зер нурға безер,
Әдипленген яңлы тонның жийеги.

Түрли миййаларға сырығып тур бағ,
Палызлар сарғаяр жупар ийисли.
Адамның жаслығы сулыў ғой, бирақ,
Адам өмириниң гүзи жемисли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Мен жортаға жылай алмайман,
Күле алмайман да жортаға.
Халықты қалай алдайман?
Алдаў бәлесинен қорқаман.

Адам көз жас төкпесин десең,
Тилди шеңгел етип сүйремен,
Адам қайнап кетпесин десең.
Ҳәргиз, ҳәргиз жалған сөйлемен.

Ҳақыйқатлық түссе қурдымға,
Жағып излер едим мың шыра.
Ғарремлиги басқалардың да,
Жүрегимди қоймас тынышыма.

Айтқанымның ликини мине;
Сүйер болсаң егер, сүй анық,
Бир ўақтағы өтиригиме
Түсимде де жүрмен уялып.

Әўелден де адамыйзаттың
Жеги қурты өсек дер едим.
Ҳүрейи ушын ҳадалый гәптиң
Жүрегимди төсеп берейин.

Өтирик те атом бомбадай,
Қарап етер егер жарылса,
Өтирик ҳәм бомба болмағай,
Ырас сөз айт егер табылса.

Нур аймалар атомлы қоздан...
Өтирикти айтып онда мен,
Алдасам да тек илажсыздан,
Адам бахты ушын алдар ем.

* * *

Жақсы нәрселер көп, бирақ жәҳәнда
Адам дослығынан жақсы нәрсе жоқ,
Бир өзиңе дөнген жәбир тасларын
Көтерисип турар мықлы еңсе боп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаман нәрселер көп, бирақ, дүньяда,
Адам қаслығынан жаман нәрсе жоқ.
Душпан зәҳәр шашар, ҳәтте өзи де
Зәҳәрге айланар сени өлсе деп.

## ҚУРБЫ-ҚУРДАСЛАРЫМ

Турмыстың дәккисин көбирек жедик,
Кемтарлықта өстик, болдық қапарақ,
Тағығымыз туўса қуўанар едик,
Кетегинен шыға ғойса ға-қалап.

Жармамыз да жарымады түйирге,
Шигин наныныз да болды жуқарақ,
Әкемиз де жарымаған кийимге,
Тойларын атқарған жалғыз шапан-ақ.

Душшылық татпаған тилимиз жақсы,
Болып шықты, жеп өссе де шапалақ.
Ҳәзирги гей жастың тиллери ашшы,
Удайына жеп өссе де шоколад.

Турмыс дигирманы аўыр айланды,
Ҳәм де талай сапар тайды бақалақ.
Он жасар бала да қатты ойланды,
Тислем нан қәдирин билди баҳалап.

* * *

Бүгинги ой-пикир,
Бүгинги дүнья
Нәзик лирикаға
жайғаспай атыр...
Ким айтар қосықты
керек емес деп!
Қосық бул—
Дәўирдиң
талмас қанаты,
Дәўирдиң қүдиретин,
Дәўирдиң даңқын,
Дәўирдиң салмағын,
Оның әрманын,
Қүдиретли күш пенен



www.ziyouz.com kutubxonasi

көтерегуғын
Қосық дәркарды.
Ҳәй, сиз қосықларым,
тутың арқаңды.
Сөйтип
кер қанат.
Дәуирдиң нәпесин.
Дәуирдиң жүгин,
Әўладтан әўладқа
Жеткер арқалап.

## СҮЙСИНДИМ, ГҮРСИНДИМ

Сырымды айтпадым сырым аңбасқа,
Жақсы нәрселерге үнсиз сүйсиндим.
Мунымды шақпадым бийпәм жолдасқа,
Гүрсинсем аўлақта жалғыз гүрсиндим.

Мен қыйландым captions ески нәрсеге,

Дос аяғын қыя басса қыйналдым.
Нәкәс адам баслық болып кеңсеге,
Ақ кеңсе есигин ашса қыйналдым.

Жыллар әсте жылжығандай туйылды.
Алыс-алыс әрманыма асықтым.
Үйлениў жолында қойдым жыйынды,
Усы күнги балларыма асықтым.

Мен асықтым, жүрген жерин саз еткен,
Жақсы менен дусласыўға асықтым.
Тағдир алжастырып бизди дус еткен,
Жаман менен хошласыўға асықтым.

Гей ўақта тиллер де болар узын дым,
Гей ўақта дәл тиймес урған таяғың.
Қуяңқы масайрап жүрсе гижинлим,
Пәк жанлы жәбирлер шексе аядым.

Мен қайдан билиппен жаны иплясын,
Ўах, оған дос болғаныма өкиндим.
Сонша ықтықатым, сонша ықласым,
Еңбегим еш болғанына өкиндим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Достымның кемиси сезилмесин деп,
Қысылса қысылдым, созса созылдым.
Достымның бауыры езилмесин деп,
Дәртимди далаға шағып езилдим.

Татлы нама шерткен нәпес най сынбай,
Сөз мүлки таусылмас көнил кәршыннын,
Жақсы менен айтыстым мен арсынбай,
Жаман менен айтысыуға арсындым.

Бул өмирим дауам еткей таусылмай...
Мен де бир уақ шыбық болып шаншылдым.
Өз елимде қул болыуға арсынбай,
Басқа елде гүл болыуға арсындым.

Түнилген жоқ едим, ҳеш бир адамға,
Атабийзарлардан әбден түңилдим.
Жүгинген жоқ едим ҳеш бир адамға,
Тек ана алдында ҳадал жүгиндим.

Талай зыяпатта болып дуз несип,
Дослар арасынан бәрҳа табылдым.
Бурыс сөзли бураңлардан уаз кешип,
Дурыс сөзли досларымды сағындым.

Түртпедим, тиймедим жөнсиз зейинге,
Мәҳәлинде масайрадым, мардыйдым.
Киши пейил болдым киши пейилге,
Гәрдийе бергенге мен де гәрдийдим.

Қолымнан узатып турман жаслықты,
Жүрсем жаслыққа қарай жол жүрдим,
Жан жорамнан сезип қалсам пәсликти,
Жалғыз жүрип жулдызларға телмирдим.

„Еле жассаң“ дегенге мен инанып,
Аңымды гөзлемей талай ушырдым.
Жаңа жылдың келгенине қуанып,
Жаслығымның өткенине ашындым.

## ҒАРРЫ ДИЙХАН ОЙЛАРЫ

Азанда уйқымды бөлсе трактор,
Сүйсинемен гүрилдисине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жата бериў бизге уятдур,
Ҳәмме атланғанда исине.

Гүлдирмама уйқымды бөлсе,
Көкти тасырлатып, гүркиреп.
Қәне мениң қолымнан келсе,
Жүргим келер көкте бул тиреп...

Көргим келмес жаўынын жаўып,
Көк көрсеткен „тамашаларды,"
Көргим келер үш кулақ болып,
Жаўдыраған ғаўашаларды.

Гейде тилип тамшысы менен,
Жас нәллерге жаўын қуйылар.
Жас баланы қамшысы менен,
Сабалағандай болып туйылар.

Егинлерди жаўын бүлдирсе,
Суў болып кеткендей сүўретиң.
Аямай болама жигитлердиң,
Атлан шап жүрисин, мийнетин.

Сондай ўақта ушып аңларым,
Болалмайман шай ишип мәлҳам.
Илажы жоқбекен жанларым,
Нөсерлерге тутыўға қалқан.

Дийхан егин тилегин тилеп,
Түни бойы кирпик қақпайды,
Сондай ўақта көктиң гүркиреп,
Суў бүркип ойнаўы жақпайды.

Бәҳәрде биз күшти аянсақ,
Не өнеди атыз ишинен.
Оянайық егер оянсақ,
Трактордың гүрилдисинен.

* * *

Журтым жамалына нәзер жиберсем
Гүзги көринислер көзди тартады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мақтаныштан мениң көтерилип еңсем,
Көңилим қуўаныштан қосық айтады.

Иренлер қубылысы көзим алдында,
Салы атызлары—сары толқынлар.
Шағырайып ашылған пахта бар бунда,
Тынық көк шийшедей жүзим-солқымлар.

Мийўаға малынған сақый гүз кирип,
Торлы қаўынларға толар вагонлар.
Әнекей поезд да жөнер ысқырып,
—Қарақалпақ қаўынын алың, адамлар!

Қаўын тиликлери айдай жаркырап,
Турар рус қызларының қолында.
Не бар дослар көңилин хошлаўдан зыят?
Булардың барлығы шадлықларым-дә!

Бәҳәрдиң мийнети қат-қат болады,
Жазда пешанадан ағар қанша тер!
Гүзде пахталары аппақ болады,
Қаўын-ғарбызлары сондай пал-шекер!

Қандай жақсы дейсең гүздиң излери,
Өтер тележкалар пахта тийелген.
Ағыл-дегилликти көрип гүздеги,
Шадланып, шалқайып таслап жүремен.

* * *

Қуўанаман дәўиримниң адамларына,
Шөлистанға суў апарады.
Қаңбақты қаңғыртып гүл апарады,
Шор жердиң де шығарады шырайын.
Бизде жасап атыр еле Гүлайым.

Оларда мол ықлас ҳәм зейин,
Болса да жер кебир, суў там-тарыс,
Қыйынлықтан қорқып шегинбес кейин,
Бизде жасап атыр еле Алпамыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бәҳәрде суў деген жетпесин болды,
Дийхан менен бирге мен де муңайдым.
Бүгин үйге газета келди:
Ақ пахта қушақлап күлимлеп турған,
Сүўретин көрдим мен дийхан ағайдың,
Оның менен бирге
Мен де қуўандым.

Тек те адам емес, пахта салы да
Меҳир емеди.
Сонлықтан пахтаның гөреклеринде,
Меҳир толы дегим келеди.

Пахта қырманлары,
Аппақ қырманлар,
Аппақ ырысқы,
Ол аппақлық алды менен дийханның,
Ҳадал мийнетине тийисли.

* * *

Аппақ қырманларды кимлер сүймейди,
Олар мениң қыялымды бийлейди.
Бабамның сақалындай пәк,
Әжедей аппақ,
Аппақ қырманлар!
Бул пахталар ақ боламан дегенше,
Қанша мийнет,
Қанша меҳир кетпеген!
Ҳәр нәрсени аппақ егип шығарыў
Мүмкин емес еп пенен.
Қыялымда: пахта емес, атызға
Гил үмитлер егилген.
Қырманларға пахта емес, бункерден—
Қуўанышлар, қуўанышлар төгилген.
Бул пахталар қырманы емес, мениңше,
Қуўанышлар қырманы.
Себеби, оны жүреклер шәўкилдеп,
Қуўанғанлар жыйнады.
Қаўынның аппақ,
Ғарбыздың ғыжлаған шоқтай тиликлери



www.ziyouz.com kutubxonasi

Булар дийханнын үмитлери—
Куўанышқа айланған.
Мен усылай ойлайман,
Бизде дийхан аты бийик турады,
Салысы атызда тынып турады.
Оның пахтасы да,
Ҳәр тилик қаўыны да,
Ығбалы да күлип турады.

* * *

Сары ирецлерди сүймес-ем,
Сары—көйлеклерди киймес-ем,
Сен сүйдирдиң сарғайғанында,
Салы атызлары, сөйле сен.

Сарғайғанын көрип салынын
Сары—писиклик деп таныдым.
Тербелисин көрдим өзинде,
Әмиўдәрья толқынларының.

Салы жазы менен нур емди.
Гүздиң күни сары түр енди,
Сары болыў—ҳасылға дөниў,
Алтынлар да сары ирецли.

„Сары ирең сары уўайым"
Дегенди мен ядтан куўайын.
Мен сүйемен салы атызлардың,
Сағыныштай сары шырайын.

Ели ушын болмаса пидә,
Сүймес едим Гүлайымды да.
Сендей дәнли болса, сүйер-ем,
Ҳәтте сары уўайымды да.

Азанда да, түс ўақларда да,
Талпынғандай кушақларыма,
Сүйсинемен салы атызлардың,
Салланысқан масақларына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЎЫЛ ТАҢЛАРЫ

Бағларды шайқалтып самалларына,
Әжеп саз шерттирип көңил тарына,
Шар тәреп шәменזар, әзиз жанына,
Рәҳәт бағышлар аўыл таңлары.

Мийнет ҳәўиж алып бәҳәрде тында,
Көк майса шықлардан таққанда сырға,
Тереклер малынып ал қызыл нурға,
Көңилди сергитер аўыл таңлары.

Көк-көмбек көк егис есиктиң алды.
Қызлардың кестесин ядыма салды,
Аўылдың жамалын сағынған яңлы,
Сарғайып саз берер аўыл таңлары.

Гүзде қуслар ушар дизбегин бузбай,
Пахта атызлары жайнар жулдыздай,
Ҳасыл гәўҳарларын жайнатқан қыздай,
Жан-жақты нурлатар аўыл таңлары.

Қандай жақсы аўыллардың көркеми,
Қыз-жигитлер сазын йошлы шертеди,
Бүгингиден сулыў болар ертеңи,
Соныңдай әжайып аўыл таңлары.

## ЖАҢА ҚУЎАНЫШ

Дослар, жылдың босағасында,
Дәўлетиң, ығбалың мудам қасыңда,
Басқан излеримиз қалар мәңгиге,
Космослық әсирдиң жылнамасында.

Алыс жылда мың жыллық жол асқанбыз,
Саҳрада қулпырған бағы-бостанбыз,
Азаматтай миллонынншы ул туўған,
Өнип-өскен Қарақалпақстанбыз!

Сексен үшинши жыл! Сенде бир нышан,
Жаңа бес жыллықтың баҳадырысаң,
Кең пайтахт елимниң халықлары ушын,
Сен келген дәўлетсең, бахыт нурысаң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кимлер ҳақыйқатты жасырып қалар,
Ғарремлик шынлыққа бас урып барар,
Жаңа жыллар келип, жаңа из түсип,
Тумлы-тусқа жоллар ашылып барар.

Жаңа жыл-журтымның тынық аспаны,
Шадлық дәрьясының толып тасқаны,
Жақты жулдыз болған Ўатанымыздың,
Жаңа шырай менен жайнап-жаснаўы!

Жаңа жылым—арзыў-үмит гүлиндей,
Жаңа музыканың татлы үниндей,
Қуўандырып келер ғаррыны, жасты,
Үйимизге жаңа түскен келиндей.

Ҳәммеге мақтаныш болсын бул келин.
Жаңа күшлери ол жаңа диңкениң,
Жаңа жылымызды қутлықлап көкте.
Жымыңласып турар Шолпан, Үркерим.

Барлық миллет дос татыў ҳәм ағайин,
Көңил баққанлардың көңлин бағайын,
Сөзлеримди гәўҳар шамшырақ етип,
Жулдыз етип өңириңе тағайын.

Ҳәммениң көңили жоқары болсын,
Жолға шыққанлардың сапары болсын,
Еккен егинлери бирден жүритип,
Дийханның қолайлы бәҳәри болсын.

Суў сағалас, аўыл аралас болғай,
Ҳәмме жақын болғай ханалас болғай,
Ел мәпин гөзлеген азамат болып,
Өз мәпин гөзлеген жарамас болғай.

Жүзиңизде шадлық күлимлеп турсын,
Достың „Қәне, Айға жүриң“ деп турсын.
Үйиң шадлыққана болып, күлкиңнен,
Хрусталь ыдыслар дирилдеп турсын.

Қара көкиреклер ағарып кетсин,
Қәстелер емленип саўалып кетсин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оқ тийип өлгенлер болмасын жерде,
Урыс қураллары жоғалып кетсин.

Ҳәр ел болмай тек те өз күни менен,
Жасасын дослықтың мазмуны менен,
Дүньядағы тиресиўлер тарқалып,
Халықлар сөйлессин қыз тили менен.

Қырыў қураллары күл-опат болғай,
Жаман нийетлиге мың апат болғай,
Барлық еллерде ҳәм континентлерде,
Тынышлық сүйерлер саламат болғай.

Жаңа жылда күлмесханлар бир күлсин,
Ҳүжданы пәк болып дур-дур силкинсин,
Руўхый жарлылар руўхый байып,
Саҳра-шөлистанлар гүллеп, қулпырсын.

Несийбең нақ болсын, бахыт буйырсын,
Өтирик-өсектиң жаны қыйылсын,
Лапгөй ағайларды албырақлатып,
Үйиндеги жеңгейлерим шыйырсын.

Айтты демеңизлер өкпе гийнесин,
Мәденият жумыслары өрлесин,
Базыбир аўылдың клубларында.
Шымшықлар „мәжилис“ қурып жүрмесин.

Ҳадал мийнет етип жеңлер түрилсин.
Бағ-бақшалар мийўаларға бүрилсин.
Бирақ, халық мүлкине қыянет етип,
Жырып жегенлердиң аўзы жырылсын.

Хәр ким берген ўәдесинен табылсын,
Жерлеримиз мол табысқа малынсын,
Инсапсыз адамлар тәўбеге келип,
Жуўан гегирдекке тарнаў салынсын.

Жалқаў жумыс ислемеўге еринсин,
Жарысларда озып, исте көринсин,
Ақ жеңгейлер ақ машында шайқалмай,
„Ақ алтынның“ атызында көринсин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қақаман қыс болып, мейли суўытсын,
Бирақ, адам адамларды жылытсын,
Жақсылық етиўди ҳеш ким умытпай,
Жаманлық етиўди ҳәмме умытсын.

Бәрҳа үйиңизде жақтылар болсын,
Ҳәр ким ел исине тақ турар болсын,
Ар-намыс деп жүрген азаматлардың,
Өзи де, журты да бахтыяр болсын.

## АНА-ЖЕР ДЕБДИЎИ

(*Монолог*)

Ҳәй, адамзат,
Сөйлер тил бар менде де,
Дәрт көп менде,
Гәп көп менде,
Мениң гәпим нобай гәп.
Гей мәжгүн балларым,
От пенен жүр көп ойнап,
Мен әййемнен адамзатқа,
Ана едим, жер едим.
Сениң ҳәр бир қыймылыңды сеземен,
Бар мениңде көкиректе,
Соғып турған жүрегим,
Мен әййемнен адамзатқа,
Үй едим мен, үй едим.
Ҳәй адамлар,
Мен сизлерди асырадым,
Мен сизлерди сүйедим.
Өзим туўған тентеклердиң дәртинен.
Сырқырап тур сүйегим,
Қарамаң көгергенине,
Үстиме мениң көк шөптиң,
Миллион жылдан берли,
Миллиард дәрт шектим,
Көз илдирип азғана,
Жатайын десем дем алып,
Орнымнан өрре тураман,
Оқ атыспадан оянып,
Болса да инсан қоңысы,
Жәнжелге толы ел иши,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат шапкандай дүбирлейди,
Жүрегимниң тебиси.
Мен жатырман аўыр дем алып,
Мен жатырман гүрсинип,
Мен гүрсинбей ким гүрсинеди?—
Ҳәр жеримде бир жара,
Ҳәр жеримде бир сынық,
Мен гүрсинбей ким гүрсинеди?
Атып атыр балам-баламды,
Миллион жылдан берли,
Нешше миллион оқлар,
Жүрегиме кадалды.
Бомба менен жараландым,
Оқлар менен тилиндим,
Өртлер менен қаралаңдым,
Танклер менен бүлиндим.
Адамзатка душпан болған,
Балаларымды „балам" деўге,
Гүрмелмейди тилим дым,
Мен анасыман,
Анасыман ҳәмменин,
Мәрт, баҳадыр улларым бар,
Көкирегим таў менин!
Жақсыларды ойласам,
Төбем менин көклерде;
Саналының саналысы адамлар,
Туўылады тек менде,
Мен туўғанман сулыўларды,
Нефертити—дилбарды,
Мен туўғанман
Бир өзи бир дүнья болған улларды.
Мен Марксти туўғанман,
Мен Ленинди туўғанман
Булар—ҳадал улларым—
Жаратылған,
Мийрим менен нурлардан.
Мен туўдым Муўса Жәлилди,
Матросовты мен туўдым,
Алғыслар жаўсын ҳаққына,
Мен туўдым—
Ерназар ала көзди де,
Мен туўдым Салаўатты да,
Туўмағанда бундай улларды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен кашшан ақ курыр ем.
Бала емес,
Туўдым гей де бәле де,
Жасырмайман буны мен,
Туўғаныма өкинемен еле де.
Мен — Жермен,
Киятырған кәдимнен,
Шыңғысты да мен туўдым,
Гитлерди де мен туўдым,
Аҳ, туўмай-ақ оларды,
Туўа шөксем едим мен!
... Бир қысым болар ийманым.
Келтирсем көзим алдына,
Қайғысын Хиросиманың,
Ядымда еле сол урыс.
Женшилди бағда, палыз да,
Урыс кумар жаўызға,
Ғазебим коздай ғыжлап тур,
Урыслар салған жарадан.
Жаным еле сызлап тур.

* * *

Көтерип турман еллерди,
Көтерип турман бағларды,
Көтерип турман.
Океанларды, таўларды,
Нешше-нешше дәўирлер мени сынады.
Булар мениң перзентлерим,
Өз перзентин көтерип жүриўди,
Қай ана аўырсынады?
Бирак, маған адамлар,
Аўыр-аўыр нәрсе көп:
Маған аўыр: адамзаттын,
Душпаны да жасайтуғын жеримен.
Мениң жүгим аўырласты,
Шейит өлген өлиден,
Маған аўыр:—
Саўашларда курбан болған
Нешше миллион
Ҳақ нийетли жанлардын
Мен гөримен.
Аўыр дым маған, аўыр дым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аса кеткен қураллары,
Мына өскен дәуирдиң,
Ҳәзир мениң үстиме,
АҚШ тың ҳәм Батыстың
Урыс қураллары үйилди.
Маған аўыр көтерип турыў,
Бундай „буйымды",
Маған аўыр,
Ҳәрқандай әжел қуралы,
Оқ дәриниң бомбаның
Ҳәттеки бир грамы,
Мен—Анаман,
Маған аўыр: урыстан,
Жәбир шеккен,
Аналардың көз жасы,
Баўырымды тилкимлесин,
Қайылман,
Парахатшылық пазнасы!
Буўдай егип, нәл егип,
Баўырымды тилкимлесин мың әўлад,
Канал қазып шөллерге,
Баўырымды тилкимлесин экскаваторлар.
Баўырымды тилкимлесин,
Геологлар, бураўлап,
Үстиме тигип шатырлар,
Мен шыдайман,
Бундай тилкимлеўлерге,
Ырысқал, бахыт берсе болды еллерге,
Мен шыдайман,
Урыслардың зарпынан тек
Жылайман:

* * *

Сүйсинемен, адамзат,
Сиз космослық кемелерди туўдыңыз,
Тиксинемен адамзат,
Қырғын урыс қуралын,
Түрли-түрли бәлелерди туўдыңыз,
Урыс деген қызыл қанлар дүньясы.
Урыс деген—көз жаслардың дәрьясы.
Қан төгиспе урыстың
Империалистлик ел,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болып тур тек ордасы,
Үстим урыс болды,
Әўел бастан-ақ,
Сол урыслар болмағанда,
Инсанға жәннет болып,
Турар едим қашшан-ақ!
Қырғын урыс қураллары жөнинде,
Көп тарысып атырсыз,
Жоқ етиўге ядролық қуралды,
Ат салысып атырсыз,
Бул жақсылық хабарлар
Қулағыма тийип тур,
„Салқын урыс" хабарынан суўынған,
Кеўлим қайта жибип тур,
Халықаралық мәжилислерде,
сөз сөйлеп,
СССР атлы үлкен үйдиң ағасы,
Қорғап атыр парахатшылықтың,
мәплерин,
Дүнья халқы қол шаппатлап қуўанып,
Қуўатлап атыр оның ҳасыл гәплерин,
Буларға мен сүйсинип,
Жеңиллейди дәртлерим.
Бирақ мениң жараларым сызлап тур,
Мен, Вьетнамман,
Дәрт-қайғысы көп болған,
Мен—Хатыньман,
Фашистлердиң отынан,
Лаўлап жанып шоқ болған,
Мен—Хатыньман,
Мен отлы жара—Хиросимаман,
Сырқырап атырған.
Урыс қураллары менен емес,
Егислик далалар менен,
Бағлар менен,
Жаңа қалалар менен жүгимди
Аўыр еттиң, адамлар,
Мен көтерермен,
Мен аўырыў анаңман,
Мен тек урыс дәрти менен аўырдым,
Айықтырып бул дәрттен мени,
Тәўир етиң адамлар,
Баўыр етим адамлар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен анаңман,
Мен—Өмиргүл кемпирмен,
Өмириңмен,
Өмириңди өлтирмен.
Болмаса мендей анасыз,
Қарап боласыз,
Қарап боласыз!..

## БИРӘДАРЛЫҚ

Жабығамнан сайранлап жалғыз журсем,
Жатқым келмес номерде бир адамлық.
Шәменниң жарасығы нәргиз гүлсең,
Көңилде гүл аштырған бирәдарлық.

Бәримиз бир қуяштан нур аламыз,
Әмиўден бес туўысқан суўаламыз.
Қуўансақ бәримиз бир қуўанамыз,
Ҳәммени яр-дос қылған бирәдарлық.

Бахыттың шамшырағын сөнбес қылып,
Халықларды бир аўқамға бирлесгирип,
Дослықтың жулдызларын жәмлестирип,
Қуяшқа уғрас қылған бирәдарлық.

Жолсыз жерден жол салып, соқпақ қылып,
Көпир салып, дәрьядан атлаттырып,
Дослықтың ошағында от жақтырып,
Отынын қаластырған бирәдарлық.

Шығарып алыс-алыс сапарларға,
Намазлыгер, намазшам тақалғанда,
Жол соратып шофердан, шопаннан да,
Таў асып, қыр астырған бирәдарлық.

Зүрәәт байрамында ылақ тартып,
Дуўтардан түрли нама, күй ақтарып,
Көңилдиң сарайынан сыр ақтартып,
Жақын ҳәм сырлас қылған бирәдарлық.

Дослық десем танаўым желбирейди,
Татлы сөзим шәшмеси мөлдирейди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәжилис-мерекеде бир-биреўди
Көргенде қыймас қылған бирәдарлық.

Елимниң төрт тәрепин есик егип,
Ҳаўаның қарсылығын кесип өтип,
Таўларың тосқынлығын тесип өтип,
Қатнасқа жол аштырған бирәдарлық.

Мүрүўбет бар дослардың шырайында,
Шәмен жайнар руўхый сарайында.
Гүлчехра, Гүлрухсорды Гүлайымға
Дүгәна, курдас қылған бирәдарлық.

Көрискенде көзлерди күлимлетип,
Татлы сезим толқынын дирилдетип.
Аўыр жүкти ҳәммеге ийинлетип,
Қолларды қолдас қылған бирәдарлық.

Дослық сезим қымбатлы алтыннан да
Сарқылмас басқа байлық сарқылғанда,
Әрманның бийигине талпынғанда,
Қанатты талмас қылған бирәдарлық.

Жер айлансын дослықтың көшеринде,
Дүньясын досқа берип ешейинге,
Бир жигит бир жигиттиң төсегинде
Мардыйып малдас қурған бирәдарлық.

Халықлардың ығбал-бахтын бийик қылып,
Миллетлерди мийтиндей бириктирип,
Бир шаңарақ көтерген уўық қылып,
Октябрь ғардаш қылған бирәдарлық.

## ЖАҚСЫЛЫҚ

Достым, дүнья гөззал, қарасаң,
Өмир сени кетер мәс қылып.
Жаманлық, сен пуш боп қаласаң,
Көкирегим күсер жақсылық.

Бул дүньяда жалғыз күлсең де,
Жарасықсыз болар ол нама.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Асығаман, қайда жүрсем де,
Адамларды қуўандырмаға.

Асығаман бирәдарларға,
Берсем деймен көнил қуяшын.
Асығаман жарадарларға,
Айықтырсам деймен жарасын.

Қәдем қойдым дүзиў жолға мен,
Ислерим бар мениң адамлық.
Ойламайман адамларға мен
Ийнениң ушындай жаманлық.

Налымайман жақсылық ушын,
Бул дүньядан дәртли өтсем де,
От урлаған Прометейдей[1]
Отыз мың жыл азап шексем де.

* * *

Татыўлық тағамы мазалы сонша,
Ашғылтым асың да шийрин нәҳәрдур.
Татлы тағам егер миллетли болса,
Достым, билип қой сен, пал ҳәм зәҳәрдур.

Адамлар жасаса егер кек етпей,
Минезлер еснлип кетер жипектей,
Жаманның көңили таўық кетектей,
Жақсының көнили мисли жәҳәндур.

Мәңги дәўран сүрер жаны пәк киси,
Жайнап турар жаңа заман жақтысы,
Адам баласының алыс өтмиши
Кийилип-кийилип тозған шапандур.

Теректи муңайтар ызғырық, салқын,
Төлепти муңайтар сүймеген халқын,

[1]. Прометай—әййемги грек мифологиясындағы әпсанаўий қаҳарман. Олимп таўынан от урлап адамларға бергени ушын ол, Зевстиң қәҳәрине ушырап, таўдың жар тасына байланып, отыз мың жыл азап шегеди.—Т. М.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәртке жарамаса достың да дәртиң,
Постыңа тығылар тайын топандур.

Жақсылық, жаманлық мәңги тиресер,
Тынымсыз тырмасқан шыңға илесер,
Көңилиңде қысы-жазы гүл өсер,
Шайырлық сарайы бәрҳа бәҳәрдур.

* * *

Жыллы сезимлердиң орамында
Көңилимниң тоңын жибиттим.
Биреў салған ески жараның да
Сызлап аўырыўын умыттым.

Рахмет, баўырман жанлар,
Көңил отларына ысындым,
Жақсының жанында таңлар
Бар екенин анық түсиндим.

Туўысқанлық, дослық сезимлердиң,
Қушағында қанша балқыдым!
Қуўаныштан гейде көз илмедим,
Бәри кетти көңил дәртимниң.

Көңил аспанымның бултларын,
Әлле бир жақларға қуўдыңыз,
Мийрим-шәппәәт суўлары менен.
Гийнениң гирглерин жуўдыңыз.

Қаламыздың көшелеринде
Мың-миллион айна бар.
Яр-дослардың айналарындай
Ысық айна қайда бар!

Жақты көрсем сол айналарда,
Жулдызды көргендей қуўандым:
Байып-байып руўхый пайдаларға,
Шер тарқатып, дебдиў шығардым.

Сәўбетлесиў қызған мәҳәли,
Жулдыз семип кетер, ай батып...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайтқаным бар талай сапары,
Көңил жулдызларын жайнатып.

Өткенимде таныс көшелерден,
Сүйсинемен сол айналарға.
Неғыларем егер көз көрген,
Көңил жақынларым болмағанда?!

## САБЫР ЕТПЕҢ АДАМЛАР

Бурын адам басын топ етип теўип
Жүрген деп оқыдым ески ертектен.
Дүньяға урыстың урығын сеўип
Жүрген есиўаслар бар еле, әттең.

Әзәзүл АҚШ тың хот-хоты менен
Қураллы әскери Израильдың,
Жаўызлықлар ислеп олар не деген,
Араб еллерине уўдай жайылды.

Ҳәмме қарар оған жеркениш пенен,
Жылан кирген яңлы баспанасына,
Карайман мен үлкен аяныш пенен,
Арабтың моншақтай жас баласына.

Елди бүлдириўден болса ол мәпдәр,
Ийгиликли, уллы ислери қайда?
Дүньяда бар еле басқыншылықлар,
Батыстың бийикке өскени қайда?

Жаўызлықтан жаўызлықлар туўады,
Жер-жәҳәнға тийер оның кесири,
Қырыў, жойыў болса егер талабы,
Бийик бола алмас космос әсири.

Дүнья тек те жаўызлықтан турмайды.
Қалар тарийхтың гөне арбасы.
Исенемен, барлық жерлер нурлайды,
Еле толып ағар мийрим дәрьясы.

Бурын адам басын топ етип теўип
Жүрген деп оқыдым ески ертектен...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүньяға урыстың урығын сеўип
Жүрген есиўаслар бар еле, әттең.

Бәрҳә көрк қосып жердин көркине,
Жаўызлық сағасын ҳәмме байлайжақ.
Жаўызларды қойсаң егер еркине,
Ҳәтте жер шарын да теўип ойнайжақ.

Ҳәрдайым қыйнайды усы саўаллар,
Толғаныс, тәшўишке салады мени.
Өз үйим саў болсын демей, адамлар,
Ойлап жасаңызлар бәрҳә ҳәммени.

Домалақ жер үйи болар ҳәмменин,
Бирақ та, ҳәр елдиң есиги бөлек.
Қорғай билиў тынышлықтың мәплерин,
Пүткил жер жүзиниң қосығы демек.

Егер қоңсыңыздың үйи өртенсе,
Оны өшириўге араласасаң.
Мурныңа күйиктиң ийиси келсе,
Қалай сен шыдайсаң, қалай қашасаң?

Жер үстинде урыс отлары жана?,
ЦРУ даўам етер қаслык ислерди.
Бийикке ушса да гей бир адамлар,
Жерде ислеп атыр пәслик ислерди.

Урыста нешшениң жаны қыйылса,
Еллер ҳәсирети, ўайраны болар.
Өшпенлилик, урыс деген қойылса,
Пүткил жер жүзиниң байрамы болар.

Елатларды қулшылықтан қутқарың,
Көп егленип жәбир етпен, адамлар.
Көрип турып жанған урыс отларын,
Сабыр етпең, сабыр етпең адамлар!

## НИЗАМИЙГЕ

Сегиз жүз қырқ бәҳәр есик қаўсырып,
Келип тур сегиз жүз қырқыншы гүзек.
Сегиз жүз қырқ ирет гүллер ашылып,
Солажақ сегиз жүз қырқыншы рет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сегиз жүз қырқ ирет гүл шәмен дөнип,
Солып қалды, о гүллердиң қаншасы!
Көңиллер шәменин бес булақ болып
Суўғарады Низамийдиң „Хамса" сы.

Не бир пашшалардың тахтлары қыйрап,
Олардан қалмады ҳәргиз нәм-нышан,
Поэзия бағы мудам гүл жайнап,
Низамий тахтыңда турар ҳәр қашан.

Сегиз жүз қырқыншы гүз келди ҳәзир,
Салқындур кешкурын, салқындур азан.
Шайырдың өмири ҳәмийше жасдур,
Низамий бағларын урмайды қазан.

*Баку. Ноябрь, 1981-жыл,*

## БЕРДАҚ

Журтқа тийген таяқ батып жанына,
Жапакештиң жаны болып сызлады.
Ким тийсе халықтың намыс-арына,
Сексеўилдиң қозы болып ғыжлады.

Көңили қоныс болды толы журт елге,
Туўылған үлкениң қушағы яңлы,
Сөзлерин ел ядлар түсирмей жерге,
Ашлықтағы нанның усағы яңлы.

Үлкен дәрьяларды болар байлаўға,
Нәўпир сөз дәрьясын тыйып болмайды.
Халкымның көңлинде асқар таўлар да
Бердақтай уллы ҳәм бийик болмайды.

Шайыр халық әрманын шебер торлапты,
Халық Бердақта, Бердақ халықта, билемиз.
Жүз жыллар бойына сүйдик Бердақты,
Мың жыллар өтсе де және сүйемиз.

## ТУЎЫСҚАН ТҮРКМЕН ХАЛҚЫНА

Қоңсы жасаймыз иргеме-ирге,
Өскениңди көрип қуўанамыз биз.
Бир жолдан жүремиз бәрқулла бирге,
Және бир дәрьядан суў аламыз биз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ленинлик идея—өмирлик шәшме,
Соннан қуўат алдың, соннан нәр алдың,
Жериңе тоқыдың гүллерден кесте,
Қаҳарман халық болып қайта жаралдың.

Танымалы халықсаң бүгин бәршеге,
Бахыт сеннен қашып кетпейди жырақ.
Жериңди бай дейди барлық нәрсеге,
Сениң көңилиңнен бай емес бирақ.

Мен елиңе ашық болғанман көптен,
Өзиңди ҳүрметлеп басым ийемен.
Дос болсаң, дослығың мийтиндей беккем,
Әне усы дәстүриңди сүйемен.

Екеўмиз шөгирме кийгенбиз мудам,
Ким кимнен алғанын биле билмедим.
Бирақта соншелли унайды маған,
Шөгирме астынан жадырап күлгениң.

*Ашхабад, Сентябрь 1980.*

## ТАППАДЫМ

Көңилим истеди басқа мәканды,
Басқа' жургтың нағышларын мақтадым.
Айланып шықсам да пүткил жәҳәнди,
Бирақ сеннен артық жәҳән таппадым.

Көп еллердиң келбетине қызықтым,
Гүркиреген қалаларын мақтадым.
Жулдыз көрип тесигинен үзиктиң.
Жатқанымды алысларда ядладым.

Шырайлы журтлардың болдым ашығы,
Гүлин алып гүлзарымда сақладым,
Көңлимде яд болды гөззал қосығы,
Бирақ сеннен артық мәкан таппадым.

Өзге диярларға ҳайран қалсам да,
Араласып жүрсем де мен мол шаңға,
Сен картада алақандай болсаң да,
Мен сеннен кеңирек жәҳән таппадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Дәртимди түсинер жанлар бар екен,
Мултымды кеширер жанлар бар екен,
Жанып кетермен деп ойлаған едим,
Өртимди өширер жанлар бар екен.

Шөлимди қандырар жанлар бар екен,
Жолымды болдырар жанлар бар екен,
Өшип кетермен деп ойлаған едим,
Отымды жандырар жанлар бар екен.

Жанымның жәнеми жанлар бар екен,
Жәҳәнда жаныма жаўлар бар екен,
Сүрникпей жүрсем деп ойлаған едим.
Аяғымнан тартар заңғар бар екен.

* * *

Мен өзим ең жақсы қосығымды
Жақсы адамларға бағышладым.
Жүрек отлары менен жылытып,
Сулыў сезим менен нағышладым.

Мен өзим ең жақсы қосықларға
Жақсылар менен бирге авторман.
Дүньям ушын емес, қуўанаман
Қосықларым ушын арттырған.

Суўық қанлы қосықлар ушын
Айыпламаңызлар Төлепти.
Тас баўырлар оны музлатты,
Суўық болды солар себепли.

Қосығым көп еди көңилде,
Әлўан нағыслы ҳәм мың түрли.
Нәлет болсын тас баўырларға,
Биразларын солар өлтирди.

Қосық деген көңил дүрданасы,
Ҳүжданым ол ҳәм де намысларым.
Дүньяда көп екен жақсылар,
Бурынырақ неге таныспадым?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Табыў ушын сол адамларды
Бурынырақ неге асықпадым?
Тапқанымда бурын оларды,
Йошым нәўпир ҳәм сулыўырақ
Болар еди жазған қосықларым.

* * *

Мениң жаным өмир шайдасы,
Дәрья-дәрья әрманларым бар,
Көнилимниң жасыл Тайгасы—
Гүўлеп турған орманларым бар.

Дәрьялар да бийкар таспайды,
Шөлистанға суў таратады.
Шайырлар да бийкар йошпайды,
Көңиллерге нур таратады.

Дийхан жерди лалазар етер,
Шөл үстинен қуўар ғаплетти,
Көркем сөз көңилди гүллетер,
Шайырлар да дийхан тақлетли.

Миннетдарман мен дийханларға,
Жасыл бағлар, жағыслар ушын.
Қастерлеймен мен де сөзлерди
Көңиллерди нағышлаў ушын.

* * *

Асқын ба сен,
Басқаларды бассын ба.
Ерик берме тәкәббирлық тасқынға.
Талайларға тас зынғытып гәрдийме,
Бир күни жатарсаң тастың астында.

Бүгин тири жүргениңе мақтанба,
Қуўанба биреўдиң күни батқанға...
Болсаң да ҳийлекер, ушына шыққан,
Сени де түсирер әжел қақпанға.

Күлағанға күлме, бир күни куларсаң,
Жылағанға күлме, бир күни жыларсаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анаң да басыннан бәрҳа сыйпамас,
Бир күн ғам шегерсең, бир күн қуўансаң.

Дөстым, дүньям жоқ деп болма жылайман,
Айрылармыз дүньядан зор шырайдан.
Өлген соң артында қалады бәри,
Алтын тахтын таслап кеткен Сулайман.

Шадлық қайымласса есик ашпаға,
Қайғы излеп кетер басқа баспана,
Бахыт та келмели-кетпели нәрсе,
Ол дағы аўысып барар басқаға.

Шадлыққа шалжаңлап кетпегил сен де,
Ғам шекпе, бахтыяр боларсаң демде,
Егер бул дүньяда өмириң болса,
Бийнесип қалмассаң екеўинен де.

## СҮРНИКСЕҢИЗ ДЕ

Жаңылмас жақ болмас, сүринбес туяқ,
Адасып қалыўдың азаби жаман,
Дос ашытып айтса жаның ғой, бирақ,
Ҳәрқашан тиллери мазалы жаман.

Жаңылмас жақ болмас, сүринбес туяқ,
Бузбаңыз, досларым, көңил бирлигин,
Өмир жолларында сүрниксеңиз де.
Шынлық қапысына қарай сүрнигиң.

Болса да дүньяда ең аўыр гүнаң,
Қыйсық жолға түскен достан кешиңлер.
Қәтелессениз де, досларым, мудам
Дуўры жолдан жүрип қәтелесиңлер.

Жаңылмас жақ болмас, сүринбес туяқ,
Таслары көп болар өмир таўының,
Жаңылмаған жақсы, жаңылсаңыз да
Шынлық шежиресин сөйлеп жаңылың.

Жаңылмас жақ болмас, сүринбес туяқ,
Ким билер өзиниң алжаспаслығын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Картайғанда қалай, билмедим бирақ,—
Қәтелесиў менен өтер жаслығың.

Жаңылмас жақ болмас, сүрнбес туяқ,
Жеңилиў женил ме сыр бүкпегенге?
Ҳайранман, адамлар алжасып турар,
Сонша ҳийле,
Сонша сумлық пенен де.

## САЛМАҚСЫЗЛЫҚ

Корабль ишинде космонавтлар
Өзлерин салмақсыз сезер ҳәр күни.
Сығасқан үйлердиң араларында,
Ушып-қонып жүрген жеңил пәр киби.

...Адамның өмири өтеди жолда,
Талай космонавтлар Айға қонды...
Қыялым космосқа шарықлап сонда,
Мына ой ядымда пайда болады:

Жақсы ғой елиңди космостан көрген,
Бирақ, аўырлығың артпас қаңбақтан,
Узақлаған сайын бул Ана—жерден,
Адам жуда болып барар салмақтан...

## ҚАРАМА-ҚАРСЫЛЫҚ

Ақылсыз бир сулыў қыз болса,
Зәҳәр қуйған сулыў зерендей.
Ақыллы бир сықылсыз болса,
Пал қуйылған гөне ләгендей.

Алтын ирең бар мыста да...
Гейде форма сәйкес келмес мазмунға.
Жыллы күнлер болар қыста да,
Суўық күни болар жаздың да.

Сулыўлардың шырайын, түсин,
Сүйип гейде қәтелесемиз.
Сол сулыўдан қутылыў ушын
Базда дүнья-малдан кешемиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сырткы шырай алжастырады,
Тек шырайға қызған „ўаҳ-ўаҳ“ лар.
Сықылсыз ақыллы болады
Ҳәм болады сулыў ақмақлар.

Жақсы адам сықылсыз болса,
Оған жабылған бир жаладай.
Жаман адам сулыў қыз болса,
Қағаздан соғылған лаладай.

Көп нәрсеге қарап қырынлаў,
Салып журмен өзим көпке сер:
Ақыллы сықылсызлар сулыўлаў,
Ақылсыз сулыўлар бәт-бәшер.

Сыртқы шырай гейде алдамшы:
Кийимлер де алмасып кетер...
Исти етип қарама-қарсы.
Гейде
Тәбият та алжасып кетер.

* * *

Гүллениў тилеймен бәҳәр паслына,
Сылдырап суў ақсын жаптан ҳәр күни.
Тынышлық тилеймен аспан астына,
Болсын тек баллардың сүрен-шаўқымы.

Кеңислик тилеймен сағыйраларға,
Жүрсин жер үстинде тайдай шапқылап.
Достым, жол тилеймен алыс барарға,
Өмир жолларыңыз болсын жақтырақ.

Тилегенге жақсы тилек табылар,
Жақсылық тилеймен үлкен-кишиге,
Жақсы нийет болсын ойыңдағылар,
Ең жақсы адамлар енсин түсиңе.

Усындай әжайып жақты заманға,
Жарасып гүллер де кулпырып турсын.
Үйинде, дүзиңде, көңилхананда
Бәрҳама шағырайып күн күлип турсын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төбеңизде бахыт қуяшы парлап.
Қулпырған гүллериң сүйдирип өтсин.
Микробтай зыянлы иллетти, бирақ,
Шыжғырған нурына күйдирип кетсин.

## МИНЕЗИМ БАР

Минезим бар қәлбиме қуйылған,
Хақыйқатын айтқым келип турады.
Шынлықлар ашылмай қалған жыйыннан
Мен тезирек қайтқым келип турады.

Кимге жағар, кимге жақпас минезим,
Бири сум деп, бири ҳақ деп биледи.
Гейбиреўге түсинбеймен мен өзим,
Өзиндей болмасаң жат деп биледи.

Қулқынды тәриплер түрли пишинде,
Жулдырмасам жибермейди пайын дер.
Үндемесем бәле бар дер ишинде,
Аңқылдасам алдамаға қайым дер.

Олар кийгизеди түрли қулақшын:
Өзимди танымай, таппай қаламан.
Адамлардың бәри қалай унатсын,
Гейде мен өзиме жақпай қаламан.

## ДОСТЫМА

Душпаныма оқ жаўдырмадым,
Тек те ғәзебимди жаўдырдым.
Өзимди көп қайғырмадым,
Басқаларды көбирек қайғырдым.

Көңил ушын татып тағамын,
Мен талай мәртебе ушындым.
Киши болмасын деп досларым.
Кишипейил болып киширдим.

Ар көрдим мен артық бахытты,
Бөлистиргим келди басқаға,
Неге керек журттан зыятлық
Салынған ақшадай кассаға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БӘРИ СЕНИКИ БОЛСЫН

*Алғарез, дүньяның бәри садаға*

*Ҳәжинияз*

Сараң болалмайман сениң алдыңда,
Сақыйлық аршасы ашылып кетер.
Ҳәттеки, өл деген сықмарлардың да
Дүньясы жолыңа шашылып кетер.

Еншиге берилген еки баспақ та...
Азада, иреңбәрең гүллер сеники.
Сақый болғаным жоқ бүйтип ҳеш ўақта,
Дилбарым, дүньяда дүрлер сеники.

Ҳеш нәрсе болалмас мениң меншигим.
Санақсыз жулдызлар, сәнем, сеники,
Ал, жаным, дүньяның барлық жер-сууын,
Аспан да сеники, әлем сеники.

Сулыўлық—таўыстың пәри сеники,
Нетейин сәни жоқ сенсиз дүньяны.
Алғарез, дүньяның бәри сеники,
Тек өзиң мeники болсаң болғаны.

## СЕНИҢ ҲӘР КЕЛГЕНИҢ БӘҲӘР КЕЛГЕНДЕЙ

Бәҳәрдиң жайнаған көркин алдың ба?
Сен келсең айланам қулпы дөнгендей.
Лала гүлдей доланасаң алдымда,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

Көңилиңде мөлдир булақ ағысы,
Даўысыңда музыканың нағышы,
Көркинде бәҳәрдиң ләззетбағышы,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

Қыста муз қатсада Арал теңизде,
Сеўги гүли өсер бул көңлимизде
Қатты аязларда, аямаўизде
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрисиң жәннетдур, өзиң бийазар,
Сен келсең көңилим болар лалазар,
Сезим шәменлери жайнап гүл ашар,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

Өзиң болсаң күндизлерим кеш болмас,
Бүйтип көңил жулдызлары дус болмас,
Сен келсең өмирим ҳәргиз қыс болмас,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

Шадланамыз шадлы заманымызға,
Бәҳәрдиң ширайы жамалыңызда,
Ашық болғанлықтан мен сендей қызға,
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей.

## САЎАЛ

Бар-аў сенде ақ машина, қат-қат жай,
Кеше күндиз шайнағаның аппақ май.
Бар-аў сениң сулыў-сулыў қызларың,
Барма бирақ ҳүжданың?

Не көрсен де сен үйиңе тасыдың,
Бар үйиңде мәс ҳаялың, мәс улың,
Үйиң толы гилемлердиң нағышы,
Барма бирақ намысың?

Суўсын болса өз үйине ағыздың,
Басқаларға бир тамшылап ғамыздың.
Сен жуўап бер енди мына сораўға:
Бетиң бар ма халайыққа қараўға?

Не жоқ сен де, кийик те бар, бәри бар,
Таўыстың да дөнип турған пәри бар.
Есап сансыз ақшаң да бар кассада,
Жақсылығың бар ма бирақ басқаға?

Базар сайын қатнайсаң қалаға,
Ақша менен өлшенеди жолларың.
Шытырлаған шырўан тутқан қолларың
Жетимлердиң басын сыйпай ала ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ар-намыслы жораларым болмаса,
Менин ушын болар еди дым қыйын.
Егер усы сорағаным болмаса,
Сениң баҳаң мениң ушын бир тийин.

* * *

Жақсылардың көнилинде қуяш бар,
Жаманлардың көңилинде—тас-түнек,
Пәмсиз адам таза жерди ыласлар,
Патас жерди тазартады еслирек.
Жақсы турар пүткил елден уласкан,
Жаман турар тек өзиниң сестинен.

* * *

Сулыў қызлар жақсы, бирақ та
Көп жигитти алжастырады.
Минез турар барлық ўақытта.
Сулыў шырай аз-маз турады.

Шырайына қызған жигитлер
Удайына турмас қасында,
Тез айныйды жаз бенен гүздиң
Турған яңлы шегарасында.

Соның ушын көбирек сыншыл
Болса екен деймен сулыўлар,
Әне сонда оншама тилсим
Болмас еди гурмыс қурыўлар.

Сулыўларға көп болар ашық,
Бирақ, бәри болмас опадар.
Сулыў шырай—қыз ушын бахыт,
Гейде бахыт болмай да қалар.

Кемшырай қыз пүткиллей бөлек,
Алдамайды шырайы менен,
Жигит сүйер минез-қулқын тек,
Сол ышқыны әнайы деме.

Дәрдесерге түспен, жигитлер,
Қызып қалмай қыздың сыртына,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нағыз сүйген болсаңыз егер,
Ашық болың минез-кулкына.

* * *

Жүреги тас, жаны тас бала,
Тикенекли тиллериң қурғыр.
Жөнсиз азап берип басқаға,
Уйқлайсаң-аў төсекте пыр-пыр.

Қысқа күнде қырқ қыйнап жанын,
Ол сөзиңнен калды қайысып.
Сөзин айтып Омар Ҳаямның,
Отырасаң қалай „мәй" ишип?

Сен биреўдиң муңын, наласын,
Еситсең де арылмас күлкиң.
Ўайран егип көңил қаласын,
Қалай сениң келеди уйқың?

Буўынсыз ғой кызыл тил деген,
Капа кылсам биреўди гейде,
Жалғыз өзим сыймай үйге мен,
Уйқлай алмай шығаман түнде.

Басқаны ғой билмедим калай,
Қыйнап мени жөнсиз кызғанам,
Таң атырдым уйыкламай талай,
Астан-кестен болып ҳүжданым.

* * *

Асқар таў ҳеш қашан да куламасын,
Дәрьялар өмир бойы ақсын тынбай.
Ер адам егитилип жыламасын,
Болмаса өмир маған ашғылтымдай.

Куяшты түн пердеси қапламасын,
Жулдызлар болсын бизге таныс издей,
Дослардан дос купыя сакламасын,
Болмаса өмир маған мәниссиздей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПҮТИНЛИК

Жалғыз өзим жасағанымда
Шықпас еди меннен шайырлық,
Ҳәтте ҳәр бир босағаның да
Аўырлығы маған аўырлық.

Бахтым бәлент емес басқадан,
Ким муңайса мен де муңайдым.
Дәртлескенде көңлин ашпаған
Досларымды саннан шығардым.

Шайыр ел-журтына әменгер,
Көп демейди хызмет пайын.
Дәртиң аўыр болса маған бер,
Қосығымды қан жылатайын.

Өзим бөлек, үйим де бөлек,
Басқалардан бөлек отырдым,
Кийип жүрген кийим де бөлек,
Бирақ, бөлегимен пүтинниң.

Сонлықтан да адамларға мен
Ҳақ көнилим менен қуладым.
Журт шалқыса—көклерде төбем,
Қайғысына бирге жыладым.

Күлкисине есимнен таныл,
Мүсийбетин бирге бөлистим.
Тойларында жүрдим қуўанып
Рязанлы достым орыстың.

Аўа, мен де журтлар сыяқлы
Қарапайым қарақалпақпан.
Планетаның мына Жер атлы
Тәғдирине мен де ортақпан.

Мен шайырман, сонлықтан да мен
Ортасына урдым жәбирдин.
Сақпан да мен, палақпан да мен,
Жер аўырса мен де аўырдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Шайпамайман адамлардың толысын,
Сорамайман малы-мүлкин, дүньясын,
Иретинде берер маған қол ушын,
Сол ушын адамлар мениң қыймасым.

Адамлар ең жақсы, сулыў қосығым,
Түнлетип барғанда есик ашады.
Жат болсаң да жатырқамас жақсылар,
Ҳәтте көңилин де қосып ашады.

Көбейсин дос-яран, көбейсин таныс,
Адамлар жылытар дүзлерде тонсақ.
Жулдызлар жулдыздан болса да алыс,
Адамлар арасы болмасын алшақ.

## АСПАННАН АЛАҒАТ БУЛЫТЛАР КӨШПЕКТЕ

Ҳәзир түрли елде, континентлерде
Азатлық самалы гүўлеп еспекте.
Көзинин жаслары тамшылап жерге,
Аспаннан алағат бултлар көшпекте.

Өзинин пығылынан өзи түңилип,
Күшли самал айдаўында қуўылып,
Отлы найзағайдан баўыры тилинип,
Аспаннан алағат бултлар көшпекте.

Мәңги орнар тынышлықтың дәўраны,
Иске асар адамзаттың әрманы,
Көшип баратқандай қайғы кәрўаны,
Аспаннан алағат булытлар көшпекте.

Барлық елге бахыт кирер нур киби,
Жер бети жасарып барар гүл киби,
Бейиштен қуўылған әззәзүл киби
Аспаннан алағат бултлар көшпекте.

Жақсылық жадырар күнниң жүзиндей,
Шадлықлар сап тартар изи үзилмей,
Ыдырап баратқан ески дүзимдей
Аспаннан алағат бултлар көшпекте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БӘҲӘР КЕЛГЕНДЕ

Тал шыбық үстине қуслар қонғанда
Тербелер таллар.
Далалар жасарып, бәҳәр болғанда
Тербелер жанлар.
Өмирди басынан баслағандайман,
Ҳәмме жақ жасыл.
Көңлим қустай жеңил, жас баладайман,
Әжайып пасыл.
Көңил тарыма да бүлбил қонғандай,
Зыңылдап кетер.
Сәўир самаллары сырлас болғандай,
Сыбырлап кетер.
Гүлдирмама гүркиреп, көкте жүрер,
Жаўын себелеп,
Көк гиялар тазарып, жасыл дөнер,
Гүлли дөгерек.
Бәҳәр тәбияттың әжайып паслы—
Кестеши нигар,
Түнде, таң атқанша дөгерек-дашты
Нағышлап шығар.
Жаслығым кетти басқа бәҳәрлердиң
Қанатларында,
Сол бәҳәрлердиң сиңлисин көрдим,
Бирақ, жанымда.
Миннетдар боламан бәрҳа бәҳәрге,
Ол ашықлық бағы.
Бәҳәр келген сайын туўылған жерге
Ашықларды көбейтер тағы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЖАҚСЫ АДАМНЫҢ ЖҮРЕГИ



ДРАМАЛЫҚ ПОЭМА



www.ziyouz.com kutubxonasi



## Катнасыўшылар:

Профессор
Бас врач
Жақсы адам
Нәкәс адам
Корреспондент
Врачлар
Медсестралар
Әрўақ
Саза

### *БИРИНШИ САХНА*

Операция залы. Еки наўкас еки стол үстинде жатыр. Олардың үстине ақ простыня жаўып қойылған. Көз әйнекли профессор ойшаң, залдың ишинде арман-берман гезип жүр.

Профессор

*(Столда жатырған жақсы адамның қасына барып)*

Байғус, қазаланды авариядан,
Буны қутқарыўға урындым сонша,
Жас жаны қыйылды, аңсат па маған?
Алып қалар едим илажы болса!

Урынып-урынып болдым аўара,
Гейде әззи, әжел алдында билим.
Атақлы докторман, болдым бийшара,
Жулыны үзилип кетипти буның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хош бол енди, хош бол. Қыялым, тоқта...
Сен еле жасайсаң, қарап тур маған.
Жүрегиң бар сениң туўлаған аттай,
Оны топыраққа қалай қыяман?

Ҳәзир бир әдисти қолланаман мен,
Бул саўап ис болар еди маған да.
Денең топыраққа киргени менен,
Жүрегиң жасайды басқа адамда.

(*Жақсы адамның қасында жатырған нәкәс адамды көрсетип.*)

Қасында жатырған мына адамның,
Жүреги турыпты зорға бүлкилдеп.
Алыў керек бизге қәўиптиң алдын,
Басқа жүрек пенен жасаўы мүмкин тек.

Бул бийшара қуўнак, жүректен тозған,
Болмаса саз екен барлық ағзасы.
Ар ушын тырысып бағамыз биз ҳәм,
Аз болсын деп адамлардың көз жасы.

Оны аман алып қаламыз енди,
Солай қарар етти консилиум бизиң.

(*Жақсы адамға қарап*)

Оған саламыз биз жүрекгенеңди,
Еки үйде аза болмаўы ушын.

Еки врач, еки медсестра кирип келеди.

Профессор

Тайын болдыңыз ба, бәриңиз, қәне?

Биринши врач

Тайынбыз.

Екинши врач

Баслайық тезден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Профессор

Жумысымыз шала болмасын және,
Әсбап-үскенени өткериң көзден.

(*Медсестраларға*)

Барлығын ўақтында таярлап турың,
Қәнекей, не кемис, барлығын көрсет?

Биринши медсестра

Барлық нәрсе тайын, өзиңиз көриң.

Екинши медсестра

Мине пышақ, қайшы, минекей пинцет...

Профессор операцияға кириседи. Врачлар да оның қасында турады.

Биринши медсетра

О, бийшара журек!

(*Екинши медсестраға*)

Бул киси мениң...

Муғаллимим болған еди мектепте,
Жақсы адам еди, жүреги оның
Бир нәкәс адамға енди өтпекте...

Биринши врач

(*Оларға қарап*)

Кәне, қойың сизлер өз-ара гәпти!

Екинши врач

(*Оларға қарап*)

Ақыры, операцияның ўақты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екинши медсестра операция столына жақынлап турады.

Бириншии медсестра

Көнип тураман ба, қәйтемен енди?
Яқ, мен булай етип қоймаўым керек.
Ҳүжданым бар болса, өз ролимди
Ҳүжданлы адамдай ойнаўым керек.

Паўза

Профессор

(*Терин сүлги менен сүртип, жүректи қолына услап.*)

Бизлерге ырза бол, хош енди, марҳум!

Биринши врач

Бирақ та жүреги жасаўы керек.

Екинши врач

Узақ-узақ жыллар жасар ол бәлким...

Профессор

(*Жүректи жоқары көтерип*)

Қараң, бул қанындай саў, таза жүрек!

Биринши медсестра

Аўа, сондай таза, ҳадал жүрек ол,
Бирақ та өз ийесине дәрек ол.

Профессор

(*Екинши медсестраға*)

Бир ыдысқа салып жаўып қойыңыз,
Үстине шаң, тозаң түспесин ҳасла.
Бираздан соң оны орнатамыз биз
Өлим ҳалатында жатқан наўқасқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екинши медсестра журекти алып, ыдыска салып, қақпағын бастырып қояды.

Профессор

Қәнекей, киргисе бериңлер иске,
Берилген наркозы кетпесин таркап,..

Екинши врач

(*саатына қарап*)

Саат жақынласып қалыпты үшке.

Екинши врач

(*медсестраларға*)

Қәне, әкелиңлер бир таза қолғап.

Екинши медсестра қолғап әкелип береди, ол кийип таярлана баслайды.

Биринши медсестра

(*өзинше*)

Бул журектиң зая болғанын көрип,
Өксип жылайын ба? Жыламайман,яқ!
Оны бир нәкәсқа салғанын көрип,
Мен қалай шыдайман? Шыдамайман,яқ!

(*профессорға*)

Доктор, өтинишим бар мениң сизден,..

Профессор

Айт.

Биринши медсестра

(*қалтырап*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтсам, айыпқа санамаңыз, бирақ,
Бир нәрсем бар еди бурыннан сезген.

Профессор

Айт кәне, неге сен турсаң қалтырап,
Талайын көрдиң ғой операцияның?

Биринши медсестра

Доктор, өтинемен, бул исти тоқтат!

Профессор

Бул кәраға пайдаңнан көп зыяның,
Ийгилик ис ғой бул, керек пе көп гәп?!

Биринши медсестра

Бул жүректи салмаңыз ол кисиге,
Доктор, өтинемен, обал ғой, обал.

Профессор

Сен үйретпе, пухта бол өз исиңе.

Биринши медсестра

Тоқтатың, тоқтатың!

Профессор

Сөйлеме, бар-әй!

Биринши медсестра

Мен кетемен ҳәзир, бирақ та мына...

(*жүрек салынған ыдысты алып*)

Жүректи де бирге алып кетемен.
Сизлер түсинбейсиз, билмейсиз сирә,
Бунық қәдирине өзим жетемен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринши врач

Бизлер де қәдирлеп атырмыз оны,
Биз оған екинши өмир беремиз.
Қабақ бас болмасаң түсинсеш соны,
Қой ыдысты орнына сен, қәне, қыз!

Биринши медсестра

Парахорға хызмет еттирмеймен, як,
Қара жер астында жатып ширисин!

(*Кете баслайды, биринши врач изинен жуўырады*)

Биринши врач

Берман бер жүректи, уйжаңғыр, ақмақ!

(*қолынан ыдысты алып*)

Кесапат екен бул, жүзиң қурысын!

Биринши медсестра

Дүньяда болады-аў ҳәр түрли нәрсе,
Ийгилик ис емес, дым уят ғой бул.
Жақсының жүрегин жаманға берсе,
Ийгилик ис емес, жынаят ғой бул!

Ҳәзир айтқан менен түсинбес ҳасла,
Ол ойлады мени есиўас қыз деп.
Хызмет етип атыр ол бир нәкәска,
Мен ондай нәкәсқа етпеймен хызмет.

Бул жерде бир минут турмайман енди,
Кейин мени сөксин, мейли, тергесин,
Қылмыстың гүўасы болмайман енди,
Кетемен, кетемен, көзим көрмесин!

(*Қапыны тартып урып шығып кетеди*)

Перде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *ЕКИНШИ САХНА*

Бас врачтың кабинети. Ортада стол, стуллер. Он қапталда диван. Бас врач төрде, өз орнында, профессор диванда аяқларын айкастырып, шалқайып отыр.

Б а с в р а ч

Анаў Әбеновтың аҳўалы қалай?
Ислеп тур ма таза салған жүреги?

П р о ф е с с о р

Ислеймен дегенше қыйналдық талай.
Ислеп тур-аў...

Б а с в р а ч

Сол ғой бизге кереги,

Яша, саў болыңыз, хирург достым.
Нағыз мәрт адамсаң, шын азаматсаң!
Бүйтип ислеген жоқ бизлерде ҳеш ким.
Кәнекей, өңириңе орденлер тақсам!

(*Орнынан турып оның қасына келип, қолын қысып қутлықлайды*)

Рахмет, рахмет, мәңгиге жаса!
Ҳәмме ушын үлкен жаңалық болды.

П р о ф е с с о р

Марапатлай берме мени көп аса,
Акыбети қалай болады, енди...
Оны соң көремиз талай ислер бар.

Б а с в р а ч

Нәтийжеси жаман болмас қалай да,
Врачлар оптимист болыўы дәркар.

П р о ф е с с о р

Мәлим болар деп ойлайман бир айда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас врач

Әжайып жаңалық айта жүргендей!
Адамлар арасы дуў-дуў гәп ҳәзир.
Ақсақаллар мыш-мыш гәпке исенбей,
Телефоннан сорастырды тап ҳәзир.

Профессор

Тилегим: артық сөз болмасын ҳасла,
Бир ай өтсин, нәтийжесин берейин.

Бас врач

Қәне, жүр онда, палатаға басла,
Оны сизиң менен бирге көрейин.

Олар енди шығайын деп атырғанда фотоаппарат асынған бир корреспондент Биринши медсестра менен бирге келеди

Корреспондент

Сәлем, қутлықлайман мен ҳәммеңизди!

Бас врач

Рахмет, рахмет!

Профессор

Рахмет, иним!

Корреспондент

Ҳәзир түсиремен сүўретиңизди,
Қәнекей бәриңиз қатара турың.
Яқ, яқ, олай емес, асыққанымнан,
Мине, ғабырысып турғаным мениң.
Қайсы хирург операция жасаған?

Бас врач

(Профессорды көрсетип)

Мына жигит.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Корреспондент

Якшы! Аты-жәни ким?

Бас врач

Нурылла Набиев. Бас хирургимиз.

Корреспондент

Жудә бәрекелла!

(Профессорға)

Қай ўақтан баслап,
Яшуллы бул жерде ислеп атырсыз?

Профессор

Айтсам, он бес жылдың жүзи болды тап.
Иним, мен жөнинде ҳәзирше жазбай,
Тура-турың, алда еле көп ис бар.

Корреспондент

Қысынбаң, яшуллы, стажың аздай,
Көпшилик жаңалық билиўге куштар.

Профессор

Қараў керек аўырыўдың түрине,
Иним, асықпайық, бир айдай шыда.

Корреспондент

Ол кисиниң өзи ҳәзир тири ме?

Профессор

Тири.

Корреспондент

Ондай болса, жақсы, ойланба жудә,
Салдыңыз сиз оған кимниң жүрегин?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Профессор

Атын айтсам... колайсызлаў болмаса?

Биринши медсестра

Жүреги ол мениң муғаллимимниң,
Жақсы адам еди өзи де аса.

Корреспондент

Ол жүректи ким дегенге салдыңыз?

Бас врач

Әбенов дегенге—Зарымбет зорға.

Биринши медсестра

Бул жерде ырасын айтпақ керекти,
Салынды ол жүрек бир парахорға.

Корреспондент

Парахорға?! Онда, атын сызаман.

(*Блокнотынан атын өширеди*)

Бас врач

Сызбай турың еле, Әбенов деген
Бираз жылдан берли белгили адам.
Ел ишинде жермен атанған менен,
Ҳеш жерде, ҳеш қашан ол усланбаған.

Биринши медсестра

Усланыўы шәрт пе?

Бас врач

Жумысыңа бар.
Бул жерде былшылдап турыпсаң қуры!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенсиз-ақ тексерер органдағылар,
Егер усланбаса болмайды-уры.
Бул кәрада жуўылмаған касыктай
Неғып журсең, бар сен, жумысыңа кет!

(Корреспондентке)

Ғошшым, жазып ал сен бәрин асықпай,
Набиев хызметин айрықша көрсет.
Биз милиция хызметкерлери емеспиз,
Парахор ма, саўдагер ме, бәри бир бизге.
Ҳәммесине теңдей хызмет етемиз,
Жүрмеймиз ҳешкимниң қылмысын излеп.

Биринши медсестра

(*Корреспондентке*)

Рас, парахорға салынды жүрек,
Оның аты-жөнин парахор деп жаз.

Бас врач

Бар деймен исиңе, саған не керек?!

(*Корреспондентке*)

Буның аты-жөнин жалахор деп жаз.

Корреспондент

Мен қылмыс табыўға келмедим бунда,
Өзлериң сөйлесиң, кетемен онда.

Бас врач

Басланған исимиз болмасын шала,
Қой, қарағым, келип кеткениң болмас.

(*Биринши медсестраға*)

Дурыс айтып турыпты хабаршы бала,
Менде даўың болса, соң келип даўлас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринши медсестра кетеди.

Профессор

Биз жолын тутамыз медицинаның,
Ол адамды бурын көрген емеспен.
Биз ойлаймыз емлеў, даўалаў жағын,
Ол жағына кеўил бөлген емеспен!

Биринши медсестра

(*есиктен келип*)

Кеўил бөлиў керек ол жағына да,
Дени саўдың бәрине де исенбе.

Корреспондент

Барып турған тирсек қыз екен жүдә.
Уңқыл-шуңқылына түсинбесем де,
Тартыслы мәселе екен буныңыз,
Шешиўге келмедим бул мәселени.
Жаңалыққа толы бул өмиримиз,
Жаңалықлар қызықтырады мени.
Ужыбатлы ис бул не деген менен,
Операциялар исленди қәйтип?
Жазыў ушын мен де аңлайын терең,
Барлығын қалдырмай бериңиз айтып?

Бас врач

Барлығын айтамыз ҳәзир биз саған,
Бул медицинаның жаңа усылы.

(*Профессорды көрсетип*)

Минекей, бизлерде биринши маман...

Корреспондент

Тоқтаңыз, алды бурын сол кисини
Барып көрсек қалай болады екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Б а с  в р а ч

Көрсеңиз жүриңиз, мине биз тайын.

К о р р е с п о н д е н т

Сөйлесип көрейин мен оның менен,
Баслаң қәне, сүўретке де алайын.

Бәри кетеди.

Перде

## *ҮШИНШИ САХНА*

Бас врачтың кабинети. Бас врач бир өзи. Ашыўлы. Ол телефон номерлерин тере баслайды.

Б а с  в р а ч

Биринши бөлим бе? Ҳе, қалайсызлар?
Жолымбетованы жибериң маған.

(*Орнынан турып*)

Қапылмас оныңдай ешкибас қызлар,
Мен оны жумыстан қуўаман, тамам!
Алжасқан екенмен, ўаҳ, әттегене,
Ол жүдә биз бенен ойнаған екен!
Аўылдың қызы ғой деп жүрсем еле,
Жақ-жарыстырыўын қоймаған екен.
Әп-әнедей истен кемшилик таўып,
Жүргенлигин қара шаппаттай қыздың?!
Аппақ бетимизге күйени жағып,
Сирә-дә менсинежақ емес бизди.

(*Арман-берман жүре баслады*)

Биринши медсестра келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас врач

*(Оның бастан аяғына гәзепли түрде сер салып)*

Халатың ақ сениң, жүрегиң қара,
Түйени ийт етип көрсетежақсаң.
Кимди етежақсаң, қәне, масқара?!
Ойнама биз бенен, еле сен жассаң!
Бар ма өзи сениң басыңда мийиң?
Көзлериң үлкен де, сөзлериң майда.
Мәкеме деген де, билсең, өз үйиң,
Абрайға тилеклес болғаның қайда?

Биринши медсестра

Анаў күнги гәптиң изиме еле?
Ойланып көр, айтып едим дурысын.

Бас врач

Көрсетемен сениң көзиңе еле,
Ондай болған дурыслығың қурысын!
Қәсийетсиз екенсең, басың қалғаңлап!

Биринши медсестра

Қызбаңыз, доктор, ашыў деген араз.

Бас врач

Айтқызып қоймайман саған балтамтап,

*(Столдың үстинен бир бет қағазды алып, оған жақынласып, үстине қолы менен урып).*

Жумыстан шығасаң, мә, арзаңды жаз!

Биринши медсестра

Бирдей хызмет етип жүрмен жумалап,
Шықпайман жумыстан, шығаман не деп?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас врач

Сен де май ишине түскен қумалақ,
Қумалақты алып таслаўым керек.

Биринши медсестра

Ҳе, еле солай ма? Қәдирдан доктор,
Шығарыўға көп исиңиз бар шығар.
Мына қылығыңа күлким де келип тур.
Ойлап көриң, кемисиңиз бар шығар.

Бас врач

Дени саўма буның, естен танған ба?!
Бир ойлап көрсеңо ақыл-ҳуўш пенен!
Бизлар уллы исти қолға алғанда,
Шуғылланып жүрсең майда ис пенен.

Нәбиевти күнлеп, бизлерди күнлеп
Аяқларымыздан шалажақсаң ба?
Ойлап жүрсең еле бизлерди ким деп?
Бизлер ҳақпыз қанша қара жақсаң да.

Профессор қуўанып кирип келеди

Профессор

Сүйенип жүрипти ол кроватьқа,
Жүрек тебиси де ҳәзирше саррас.

Бас врач

Достым, қутлықлайман, саў бол, бирақ та
Шырысты бузып тур мына жарамас.

Профессор

(*Жаман көзи менен қызға қарап*)

Өспес бала өнбес даўды даўлайды,
Ийтлер үре береди ғой кәрўанға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас врач

Өмир оты барлық уақта лаўлайды,
Сөнбейди ол қар, жаўынлар жаўғанда.

Биринши медсестра

Үрип жүрген ийт емеспен, адамман,
Суў емеспен отты сөндиретуғын.
Шынлықты шаң басса, қалай шыдайман,
Сизлер тийип турсыз зейниме бүгин.

Профессор

Күнлеп ҳәм қызғанып, гинә, мин тағып,
Жүргенлер сирә дә бизлерге дос па?
Бизлерге қәўпекли ғәремет жаўып,
Шығаражақ бул уллы исти пушқа.

Операция болатуғын күни бул
Қарсы шықты идералды исиме.
Сол күни баслады жаман қылығын.

Бас врач

Ҳаў, еле солай ма?! Онда усы де,
Ҳәр бәлени баслап жүрген бурыннан?

Профессор

Ҳәтте өтә кетти жумысын таслап.

Бас врач

(*Биринши медсестраға*)

Хабарым жоқ еди ондай сырыңнан,
Әўелден сумырай екенсең, найсап!
Еле бул дүньядан өтерсең зарлап,
Ишиңди жайлайды жалынлы ҳәўир.
Постты таслап кетсе, егер де, солдат,
Билесең бе, оның жазасы аўыр.
Сен де өз постыңды таслап кеткенсең,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди отырады сени ким аяп?
Өз абырайыңды өзиң төккенсең,
Ақыры, ислединң ауыр жынаят.

Биринши медсестра

Мойныма аламан ол қылмысымды,
Бирақта оның да себеплери бар.

(*Профессорға*)

Ислеген жынаят ислерди енди,
Сизлердиң де түсинбегиңиз дәркар.

Профессор

Айт, кандай жынаят иследик бизлер?
Аўзыңа келгенин айта берме сен!

Бас врач

Жаман тырнақ арасынан кир излер,
Мин тағарсаң ҳәтте Айға, Күнге сен.

Биринши медсестра

Докторсыз ғой, ақ қараны айырың,
Шапшый бермең аўға түскен балықтай,
Гүнаңыз қасында мениң айыбым
Түйениң қасында турған таўықтай.

Биринши врач қолына газета услап ҳаплыгып кирип келди.

Биринши врач

Яшасын! Яшасын! Там-там, тара-там.

(*Гә профессорды, гә бас врачты алма-гезек құшақлап, сүйип*)

Бул шадлы хабарға қулақ түриңлер!

(*газетадан көрсетип*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Минекей Нурылла күлип қараған,...
Мына газетаны оқып көриңлер!
Қутлықлайман! Қутлықлайман, досларым,
Яша, берекет тап, дослым Нурылла!

(*Олардың кеўилсиз екенин көрип*)

Қайда кетти бүгинлиги йошларың!
Бундай емес едиңиз ғой бурында?!

Бас врач

(*биринши медсестраны көрсетип*)

Мына сәрўиназ-дә! Не дейсең буған?
Пүткил ел қуўатлап атырған ўақта,
Қырынлаў, уятлаў емес пе саған?
От қоя алмассаң енди топыраққа!

(*газетаны алып*)

Минекей газета, халықтың айнасы,
Мә, оқы мынаны көзиңди ашып.

Биринши медсестра

Тийкарсыз мақтаўдын бар ма пайдасы?!
Мақтаўлар сизлерге болмас мүнәсип!

Мени маскаралап үстимнен күлиң,
Ар соты бир ўақта шақырар сизди.
Минген қайығыңыз тесик ғой, билиң,
Гүнә теңизине батырар сизди.

Бас врач

Айт, кәне бизлерден не гүнә таптың?
Жаман ба уллы истиң басына барған?!
Неге сен буншама аңғытқа шаптың,
Сен гирбиң табарсаң ҳәттеки қардан?!

Билесең бе, мына хирург достым
Жанын алып қалды нешше-нешшениң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўаҳ, нетесеӊ енди, жанады ишим,
Түсинбегенине сендей гешшениӊ.

Бириншн медсестра

Шықпас жанныӊ себепшиси болдыӊыз,
Хызметлериӊизге кем тас қоймайман.
Не бир, не бир аўырыўды жеӊдиӊиз,
Буныӊ ушын сизлерди мен сыйлайман.

Профессор

Сонда сениӊ сыйлағаныӊ усы ма?

Басврач

Аўзымыздан келтирдиӊ ғой қара қан,
Тентектей түкирип жүрсеӊ мушыӊа.
Оӊған екенбиз дә медсестрадан!

Биринши медсестра

Сыйлайман. Бул мениӊ жүрек сөзлерим,
Ислегенсиз журтқа соншама саўап.
Бирақ та, бирақ та соӊғы гезлери
Жүрипсиз бир талай гүнә арқалап.

Ол гүнаӊыз аўыр зил қара тастан!
Аҳ, оныӊ салмағы түсип тур маған.
Бул ушын сизлерди кешире алмаспан,
Болмаса жүзлериӊ ысықдур маған.

Бас врач

Кеўилди музлатар ҳәм де еритер,
Еки ушлы екен сөзлери буныӊ.

Профессор

Сөзлери гә зәҳәр, гә шийрин-шекер,
Нәрсе түсинбедим, айтқанда шыныӊ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас врач

Аңсат па, ансат па өли жүректи,
Орнынан көширип тирилтиў деген.
Уллы ислерди ҳәм жақсы нийетти
Сонша жек көресең қызғаныш пенен.

Ҳәтте ҳүкиметтиң газетасына,
Жазылған нәрсеге инанғың келмес.
Қандай қыяллар бар сениң басыңда,
Қәнекей, биз бенен анықлап сөйлес?!

Салғыласып турыўды қой биз бенен,
Адам да өз исин өзи күнлер ме?
Мүддәҳәң не, айт жасырмай, гизнемей,
Бизлер ойнап жүрген жоқпыз бул жерде!

Биринши медсестра

Ойнап жүрсиз адам жүреги менен.

Профессор

Ким ойнап жүрипти? Абайлап сөйле!
Жүректи салдық өз тилеги менен.
Болған жоқ бизлерде ҳеш қандай ҳийле.

Биринши врач

Басылар ма десем бунының из бети
Баратыр ғой кем-кем насырға шаўып.

(*Биринши медсестраға*).

Кем бе, қәне, хирургтиң хызмети?
Қутқарды адамға дөнгенде қәўип.

Бас врач

(*Биринши медсестраға*)

Сен еле ойнаған екенсең, о-ҳа!
Жумыстан шығасаң ҳәзирден баслап!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринши медсестра

Егер маған жуттырсаң да қурбақа,
Усы пикиримнен қайтпайман ҳеш ўақ.

Профессор

Сөзлери жанымды баратыр тырнап,
Ҳадал исимизди ҳарам десе бул!
Ҳәммемиз бир жақпыз, бир өзи бир жақ.

Бас врач

Ҳәй, сирә ағармас сениң кесеўиң.

Биринши врач

Аяўға болмайды, яқ оны ҳеш те,
Тырыспайды жәмийетлик мәп ушын.
Ол душпан жаңаға, прогресске,
Қозғаў керек оның жынаят исин!

Жумыстан шығарыў еле аз буған,
Зыянкес ғой бул қыз, тартсын сазайын!
Қәне, қәлем, қағаз бериңлер маған,
Үстинен қатырып акт жазайын.

Бас врач

Жаз қәне,

Биринши врач стол үстинен қағаз, қәлем алып, жаза баслайды.

Биринши врач

(*даўыслап*)

„Дүзилди бул акт бүгин,
Февральдың он сегизинши сәнеси..."

Биринши медсестра



www.ziyouz.com kutubxonasi

(*өзинше*)

Жазсын мейли, қолын иркип ҳәлегим,
Ҳақыйқаттың қырдан жүрер кемеси.

Қанша қыйналсам да, шексем де азап,
Көтеремен ҳақыйқатлық байрағын.
Шынлықтың қоллары гей ўақта узақ,
Көп ўақта табасаң мәкан жайларын.

Қурамалы китап кеўил дегениң,
Не бир жумбағы бар шешиўи қыйын.
Булар түсинбей тур ойымды мениң,
Кеўилди кеўилге қосыўың қыйын.

Аңғарыў да қыйын кимниң кимлигин,
Ким биледи, кимниң кандай ойы бар?!
Сонша инта менен айтқан шынлығым
Буларға жаманлық болып туйылар.

Бир-бирин түсинбей кисилер еле,
Қанша алжасыққа жол қойып атыр.
Мениң ҳақлығымды түсинер еле,
Ҳәзирше әйтеўир қол қойып атыр.

Бас врач, профессор ҳәм биринши врач актке қол қояды.

Бас врач

(*Биринши медсестраға*)

Сен жуўап бересең заңның алдында,
Енди қолға түстиң шағаўық шаян!

Биринши медсестра

Ким жуўап береди кимниң алдында,
Бул мәселе ҳәзир болады аян.

(*қыялға берилип*)

Қандай қыянет бул! Жақсының жанын
Зая еттиңиз ғой нәкәс жаманға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соны билип мениң төзбейди жаным,
Бул ауыр сауда ғой билген адамға.

Жақсы адам еди, жүреги таза,
Ҳақыйқатлық ушын гүресер еди.
Қыс күни түнерип турса да аза,
Оның кеўилинде гүл өсер еди.

Биреўди муңайтып жүрген адамды,
Ийт етинен бетер жек көрер еди.
Сыйлайтуғын еди ата-анамды,
Ол бизиң үйлерге көп келер еди.

Өзи жасар еди бизиң ауылда,
Ашшыны-душшыны көрген еди ол.
Күйип қалғанымда өрттиң уағында,
Етинен ет кесип берген еди ол.

Ҳәммеге жақсылық етип жүр еди,
Қарамас еди ол ким болғанына.
Жақсы жүрек еди оның жүреги,
Усындай жүректиң қор болғаны ма?!

Профессор

„Мынау жақсы адам, мынау жаман“ деп
Жазып қойылмаған пешанасына.

Бас врач

Зыян ойламаймыз, бул исиң әнтек,
Бизлер адамзаттың ҳеш баласына.

Биринши врач

Медицина ушын ҳәмме бир, билсең,
Жоқары адамгершилик бар бунда.

Биринши медсестра

Медицина емес, егер түсинсең,
Жуўап бериў керек ҳүждан алдында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Б а с в р а ч

Биз жууап беремиз, нийетимиз ҳақ,
Теңдей хызмет етип жүрмиз бәршеге.

П р о ф е с с о р

Биз жууап беремиз, ҳүжданымыз пәк.

Б и р и н ш и м е д с е с т р а

Жууап бериң онда мына нәрсеге.

Пауза

Пайда болар ҳәзир баска мәнзере,
Көриңиз қәнекей көзиңиз бенен.
Мын рет еситип жүрген нен гөре,
Абзалырақ болар бир рет көрген.

С а х н а а й л а н ы п к е т е д и.

*ТӨРТИНШИ САХНА*

Даланлық. Қос терек. Аспанда бултлардың уйлығысып жылжып жүргени көринеди. Қос теректиң қасынан Жақсы адам өтип баратырғанда сахнаға Нәкәс адам жуўырып кирип келеди.

Н ә к ә с а д а м

Тоқта! Тоқта, деймен Жаңабай, тоқта!

Ж а қ с ы а д а м

(*артына қайрылып қарап*)

Бунша не аяғыңды өгиз басқандай
Мен сендей ақмақты беремен сотқа,
Енди ирке алмайсаң мени ҳеш қандай!

(*жүре баслайды*)

Н ә к ә с а д а м



www.ziyouz.com kutubxonasi

(*алдына дизерлеп турып*)

Достым, жалынаман, жалбарынаман:
Соңғы рет мениң гүнамды кеш сен?

(*Аяқларын сүйип*)

Мен жуўадай солып, болмайын тамам.

Жақсы адам

(*жеркениш пенен*)

Сен қанша бай болсаң соншелли пәссең!
Тур қәне, орныңнан!

(*Ол тикейеди*)

Адамсаң сен де
Адам болып сөйлес сен мениң менен.
Қалай сен өзиңди санайсаң кемге,
Ақыры, дәрежең емес ғой төмен.

Нәкәс адам

Парахор де, пәс де, нәкәс де мени,
Мени сотқа берме, тек өтинишим,
Гөрқаў де, жермен де, топас де мени,
Жоқ ғой мениң сеннен көп өтинишим.

Аяғыңа қояйын мен басымды,
Достым, қәлесеңиз, қулың болайын.
Табайын сен ушын түрли ҳасылды,
Курортқа барсаңыз пулың болайын.

(*Қалтасынан бир пачка ақша шығарып*)

Мә, мынаны ал.

Жақсы адам

(*Өзинше ойланып*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алсам қалай болар?
Алып қалаларда сайран етсем ҳәс...

Пауза

Алтын периштени жолдан шығарар,
Қайтайын райдан, ол ойым болмас.

(*оған*)

Мәкеме баслығы бола тура сен,
Қыянет еткенсең халықтың мүлкине.
Яқ, буған шыдап туралмаспан мен,
Алдатып қоймаймыз сендей түлкиге!

Нәкәс адам

Түлки де, қасқыр да, маймыл да мейли,
Ҳақың бар әззезүл, шайтан десең де,
Бирақ, тюрьма болып кетпесин кейни.

Жақсы адам

Тюрьма ем болады сендей кеселге,
Мына қолыңдағы ҳарам ақшалар,
Халықтың ҳадал пулы ҳәм де көз жасы,
Қам гербиштен салынды ғой бақшалар.

Нәкәс адам

(*ақшасын көрсетип*)

Ал, мыналар?

Жақсы адам

— Тас гербиштиң ақшасы,
Сап болған адамсыз, енди гөнердиң,
Ҳүжданың пәк емес, шириген ләтте.
Ҳақын жеп халықтың, нәрестелердиң,
Ҳүкиметти алдап жүрипсең ҳәтте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәкәс адам

Ләтте де, ыбырсық, мусор де мейли,
Сот алдында мени бир бенде етпе.
Күшигиң болайын, „күшим" де мейли,
Бирақ, журт алдында шерменде етпе.

Жақсы адам

Қашшан-ақ шерменде болған адамсаң,
Көринип тур бизге ишек-қарының.

Нәкәс адам

Кешир мени, сен берекет табарсаң.

(*ақшасын усынып*)

Ең болмаса ал мынаның ярымын.

Жақсы адам

Көрсетпе көзиме ақшаларынды,
Қайтадан қалтана, кәне, салып қой!
Пул ушын сатпайман намыс-арымды,
Мен нәмәрт емеспен, мени танып қой!

Нәкәс адам қоллары қалтырап, ақшаларын кисесине салады.

Нәкәс адам

(*өзинше ойланып*)

Сөйлесем, бетине қаратпай атыр,
Расын айтқанда, бул өжет адам.
Үйректей суў шашып, жолатпай атыр,
Қайтадан жалынып көрейин буған.

(*Аяғына бойын таслап жалынады*)

Достым, ая мени, бала-шағам бар,
Бирге өскен едик муңайтпа мени.
Шағым жазсадағы басқа адамлар,
Достым, жалынаман, сен айтпа мени.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсы адам

Мениң аяғыма жығылма нәкәс,
Жолымнан қайтпайман, болма аўара,
Тийгизбе қолыңды, қолларың патас,
Оның менен алып журсең сен пара!

Нәкәс адам

(*өзинше*)

Қанша жалындым, ҳеш пайда бермес,
Айтысып көрейин мен буның менен.
Баўыры тас екен, ҳасла еримес,
Қәне, бунда қандай дәлил бар екен?

Ҳәр сөзи жаныма батып баратыр,
Қайдан биле берер булардың бәрин?
Аңлыған душпаным, тоқтап тура тур,
Бир шертип көрейин кеўилиңниң тарын.

(*Жақсы адамға*)

Парахорлығымды, жерменлигимди,
Көрген адам бар ма, айт соны маған.
Сен соны дәлиллеп бересең енди,
Болмаса жаманлық етемен саған,
Мен сениң өзиңнен алдым ба пара?

Жақсы адам

Қалай сен аласаң берген болмасам?

Нәкәс адам

Басқадан алдым ба? Көрдиң бе сирә!
Былшылыңды тоқтат, көрген болмасаң!

Жақсы адам

Көрген адамлар бар. Бергенлер де бар.
Әбден гүжирейип кетипти еңсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәкәс адам

Бәри жалған, жала, барлығы бийкар!

Жақсы адам

Бериўге көплерди мәжбүрлегенсең,
Алғансаң параны тәўир жумыс деп,
Алғансаң атақ я лаўазым ушын.
Сен ойламағансаң буны қылмыс деп,
Минекей, әбигер болып турысың.

Нәкәс адам

Қуры былшылды қой! Дәлилиң бар ма?!

Жақсы адам

Дәлилим бар.

Нәкәс адам

Айт, қәнекей!

Жақсы адам

Шапшыма!

*(Қолтығынан қағазларды шығарып)*

Ал, не дейсең онда бул қағазларға?

Нәкәс адам

Абайлы бол, кейини питпес жақсыға,
Белли енди қандай адам екениң,
Мени ақмақ дейсең, өзиңсең ақмақ!
Өзиң муғаллимсең, прокурормедиң—
Үстимнен буншама материал топлап?!

Жақсы адам

Сен билмейсең жәмийетлик күшлерди,
Жәмийеттен гөре саған пул жуўық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көре тура бул жарамас ислерди
Жүре берейин бе көзимди жумып?!

Ол ушын прокурор болыўым шәрт пе?
Муғаллиммен—жәмийеттиң көзимен.
Биз дәкки беремиз сендей нәмәртке!

Нәкәс адам

Абайлы бол, ўаҳ, деп жүрме изинен.

Жақсы адам

Ўаҳ дейгуғын ўағың келип тур сениң
Саған енди тюрьма ашады қушақ.

(*Кетиўге қайымласады, Нәкәс адам алдынан кескеслеп шығып, қолын услайды*)

Ўазыңды қой, жибер қолымды мениң!
Көзиме көринбе, жолымды босат!

(*Қолын қағып жиберип жүре баслайды. Нәкәс адам оның артынан барып, оны бир аўыр зат пенен урады. Жақсы адам жығылады. Нәкәс адам оның қалтасына қолын суғып, қағазларды алып өзиниң кисесине салып қояды*).

Нәкәс адам

Сонша жылағанда көнбедиң сорлы,
Мине енди қула дүзде жатысың.
Шырадай сөнди ме көзлериң нурлы?!

(*Қалтасының тусын көрсетип*)

Қанша мен урындым мына хат ушын!
Бул хатларды енди жағаман отқа.
Соның менен бул ис тамам болады.

(*оған қарап*)

Бар енди о дүньядағы сотқа,
Үйиңде қайғылы намаң болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бережак пулым да қалтамда қалды,
Тек саған жыназа буйырған екен.
Бир арзагөй бул дүньядан жоғалды,
Барып турған бир қасымкер жан екен.

(*Қорқып, дөгерегине алақлап қарап*)

Енди ол өледи қаны уйысып,
Дөгеректе жан жоқ, мениң бир өзим,
Енди мен кетейин әсген жылысып,
Биреў-миреў көрип қалып жүрмесин.

Сахна бир заман бос турады. Әлленемирден кейин бир врач пенен бир медсестра (*Профессор менен 1-медсестра*) қобдыйтарын көтерип кирип келеди. Жақсы адамның жүрегин, пульсларын тексере баслайды. Мурнына дәри ийискетеди, укол салады ҳәм т. б. медициналық жәрдемлер ислейди.

Врач

Төбесине аўыр зат пенен урып,
Қалдырып кетипти тас баўыр адам.
Өлип қалады екен диңкеси қурып,
Хабар бермегенде басқа бир адам.

Қәнекей ол адам қолға түскенде,
Пирин арқасына таңар-ем оның.
Тоқтап тур еле сен жаўыз шерменде,
Түбинде қолыма түсерсең мениң!

Перде

## БЕСИНШИ САХНА

Үшинши сахнадағы көринис қайталанады

Биринши медсестра

(*Профессорға*)

Қолыңызға түсти сол жаўыз мине,
Айтқан сөзиңизди еске түсириң.
Пирин арқасына таңғаның қәне?
Ким кимнен сорайды енди кеширим?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ядыңызда бар ма, усы ўақыя,
Болып өткен еди көп жыл илгери.
Қасыңызда мен де бар едим сонда,
Июнь ба, июль ма, жаздың күнлери...

Пауза

Оннан бери он жыл өтти арадан,
Әстен түсирейин мен есиңизге.
Қамалып та келди ол нәкәс адам,
Кейин екеўи де тап болды сизге.

Сиз оны жаўыз деп әбден жек көрип,
Ядымда, гижинип қатты сөктиңиз.
Биракта...

Пауза

Жақсының жүрегин берип,
Бул сапары оған хызмет еттиңиз.

Профессор

Енди мен түсиндим, жүдә кеш бирақ,
Ол дүзде жатқанда барған мен едим.
Не қылып қойдым мен? Исим патырат!
Душпаныңа бердим оның жүрегин.

Не қылып қойдым мен?! Уаҳ-ўаҳ! Қум гелле!
Шебине шертилип кетти ғой намам.
Ғапылда қалдым ғой, егер билгенде
Салмас едим оның жүрегин оған.

Бунындай боларын кимлер билипти,
Өкинишим өргер болды ишимди.
Нәкәс, бир пул қылды арзыў-үмитти.
Муңлы қылды мениң уллы исимди.

---

Билмей бәлентликтиң ашлық боларын,
Оған бийкар өрмелейди екенбиз.
Уллылық ишинде пәслик боларын
Бизлер гейде серлемейди екенбиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

(*Биринши медсестраға*)

Кешир карындасым, дегбирден састым,
Енди бул кәтелик қайтып болмағай.
Мен уллы гүзарда жүрип адастым,
Өмир деген де бул сыңсыған тоғай.

Мен жақсы адамға қылаплық етип,
Өзимниң жолыма дузақ қурыппан.
Гүзарым соқпаққа айланып кетип,
Мине, басқа жерден шығып турыппан.

Биринши медсестра

Соң билип турыпсыз, әўел билмедиң,
Жақсылык, жаманлық болармыш егиз,
Мен сизди ҳәзир-ақ кеширер едим,
Жүрегин ийесине қайтып берсеңиз.

Профессор

(*ойланып*)

Қалай болар екен енди бул жағы?

Бас врач

(*өкинишли*)

Болар ис болды ғой, қой сен қарындас.

(*Профессорға*)

Орнынан қозғама журекти тағы,
Аспан жерге түспес, жер де ойылмас.

Биринши медсестра

Докторларға болар қалай ислесе...
Аспан жерге түсип, жер ойылмайды.
Бирақ журек өз орнына түспесе
Арды қыйнайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Профессор

Ҳүжданды қыйнайды.

Бас врач

*(ҳайран болып)*

Сонша мийнетимиз шыға ма пушқа?
Биз қалай шешемиз бул мәселени?

Профессор

*(ойлы пишинде)*

Ислегеним саўаппа, я қылмыс па?
Аҳ, усы мәселе қыйнап тур мени.
Қылмыс дейин десем, ийгиликли ис,
Саўап дейин десем еткеним қылап!

Бас врач

Ол қалай, ол қалай болады қылмыс?!
Ийгиликли ис ғой, ойланың бирақ.
Соншама жан қыйнап исленген ислер,
Сонша маңлай терлер күйип кете ме?!

Биринши медсестра

Жақсыға қылаплық етилсе егер,
Айтың, абрайды бийиклете ме?

Бас врач

*(Биринши медсестраға)*

Кейинге шегиниў үлкен масқара,
Уллы истен кемшиликти излеме!
Марҳумның жүреги соқса басқада,
Абырай емес пе ҳәммемизге де?

Қарындасым, өткен иске салаўат,
Қалай еткен менен, болар ис болды.
Бәримизге тағылмасын жаман ат,
Абрайды қолдан бермейик енди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дауды ҳәзирден туўарып бирге,
Татыў ислесейик, ҳеш ким күлмесин.
Бул сырды тисиңнен шығарып жүрме,
Ҳәттеки ең жақын достың билмесин.

Бизлер бақырысып сырды алдырсақ,
Маскарамыз шығар, қалай оңамыз?
Егер усы турысында қалдырсақ,
Абырай, даңқ ийеси бизлер боламыз.

Биринши медсестра

Ҳақыйқатлық деген, даңқтан да уллы.

Профессор

(*Бас врачқа*)

Бул ҳадал сөз. Ҳақыйқаттың усағын
Сақлаў керек сирә гирбиң түсирмей.
Оты жанып гүрлеп турған ошағын
Сақлаўымыз керек қозын өширмей.

Шынлық деген саўлатлы шың, әлбетте,
Ҳәмме де жетиўге инкар етеди.
Шынлықтың алдында адамзат ҳәтте
Уллы ислерди де бийкар етеди.

Бүгин көзим жетти бир ҳақыйқатқа,
Минген бийигимнен түсемен енди.
Абырай, даңқ, жақсы нәрсе, бирақта.
Солардың бәринен кешемен енди.

Саза

(*Жоқарыдан гүңиренип*)

Бәрекелла, бар екенсең дүньяда,
Өмириңе, кеўилиңе нур жаўсын!
Илайым, мәртебең болсын зыяда,
Сендей адам менен әлем нурлансын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас врач

Бул кимниң даўысы қүдиретли, ҳөктем,
Гүлдирмама киби гүркиреп кетти.

Биринши медсестра

Ол даўыс шықты ғой аспаннан, көктен,
Ҳәттеки дийўаллар дирилдеп кетти.

(*Қапы қағылады*)

Бас врач

Ким екен бул? Кимсең ишкериге кир,

Нәкәс адам ҳүрейленип, ҳаўлығып кирип келеди.

Мен ким екен десем, Әбенов, сен бе?

Нәкәс адам

Бираз ўақтан берли мазам қашып жүр,
Еки күннен берли уйқы жоқ менде.

Профессор

Неге, неге сениң түриң ҳүрейли?
Қорқыныш сезилер еки көзиңнен?

Нәкәс адам

Еки күннен берли жинли сүрейли.
Бир қара көлеңке қалмас изимнен.

Уйлығысып турар қара булт болып,
Жүрегимниң соғысын ол тыңлайды,
Түнлерде кәтимниң тусына келип,
„Жүрегимди қайтып бер" деп қыйнайды.

Қорқыныш қоршап тур мени бүгин дым,
Жақсы ғой маған бүйтип жасамаған.
Ол қуўды, мен қашып бунда тығылдым,
Ҳәзир келип қалды ол босағаға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринши медсестра

Биреўдиң жүрегин қайтып бер онда.

Нәкәс адам

Ийеси өлген ғой, беремен не деп?
Сен өйтип бийҳая, бийәдеп болма!

(*Әрўақ пайда болады*)

Әрўақ

Өлген адамға да жүреги керек,
Қайтып бер сен мениң жүрекгенемди.
Журттың сеннен көрген жәбири кәпдур,

(*Профессорға*)

Жүрексиз қалдырдың мениң денемди,
Тап алған жериңе қой оны, доктор!

Жүрегимди салсаң космонавтқа,
Яки бир әжайып шайырға берсең,
Разы болар ем барлық ўақытта.
Доктор, сен қалайша алжасып жүрсең?

Жүрегимди бир нәкәсқа бергенше,
Тилким-тилким етип тасламайсаң ба?!
Мен қайтып айланып тағы келгенше
Сал оны мүтәж ҳәм жақсы инсанға.

Саза

Жақсыны ҳүрметлең тири гезинде,
Жақсы сөзлерге ҳәм гүлге бөлеңлер!
Жүрегине тиймең, турсын өзинде,
Ҳәтте өлгенде де жәбирлемеңлер!

Болса да қолыңда әжайып ҳөнер,
Жүрегин нәкәсқа берип қор етпе!
Рухын тирилгпек болсаңыз егер,
Естелик орнатың жақсы жүрекке!

ПЕРДЕ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

*Қәдир тутқан аяўлым Төлепберген! Ш. Сейтов* . . . . 5

Жер айлансын дослықтың көшеринде

Ленин . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Көкте қуяш қалсын, жерде жақсылық . . . . . . . . . . 17
Тәбиятқа тәне . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Мақтаныш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
Дүнья сөйлей билер . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Биз қушақ ашамыз ашылыўларға . . . . . . . . . . . 20
„Мен ҳаққында..“ . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
Ана . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
Қартайыўға асықпаңызлар . . . . . . . . . . . . . 24
Төртликлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Өмир сулыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Мәңги булақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
Комсомол жасларға . . . . . . . . . . . . . . . . —
Жеңис . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Ҳадал адамлардың жүреги . . . . . . . . . . . . . 30
Тартылыс заңы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Болар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
„Илҳам алсам...“ . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Терме . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
„Гүлдирлетсе гүлдирмама...“ . . . . . . . . . . . 34
Бир адамның өзи бир дүнья . . . . . . . . . . . . 35
„Гейде өзим...“ . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
„Көңлим-жақсылыққа...“ . . . . . . . . . . . . . —
„Тәбият ҳақ...“ . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
„Муҳаббатты жаздың деп...“ . . . . . . . . . . . . —
Шайыр тәбияты . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Өмирдиң бәри той емес . . . . . . . . . . . . . . 39
Мениң жүрегим . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Бурын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
„Достым далаларға...“ . . . . . . . . . . . . . . 41
„Мен жортаға“ . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
„Жақсы нәрселер көп...“ . . . . . . . . . . . . . —
Қурбы-қурдасларыма . . . . . . . . . . . . . . . 43
„Бүгин ой-пикир...“ . . . . . . . . . . . . . . . —
Сүйсиндим, гүрсиндим . . . . . . . . . . . . . . 44
Ғарры дийхан ойлары . . . . . . . . . . . . . . . 45
„Жұртым жамалына..“ . . . . . . . . . . . . . . . 46
„Қуўанаман дәўиримниң...“ . . . . . . . . . . . . 47



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Бәҳәрде суў деген..." . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
„Аппақ қырманларды..." . . . . . . . . . . . . . . . . —
„Сары иреңлерди..." . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Аўыл таңлары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Жаңа қуўаныш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
Ана-жер дебдиўи . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Бирәдарлық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Жақсылық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69
„Татыўлық тағамы..." . . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
„Жыллы сезимлердиң..." . . . . . . . . . . . . . . . . 61
Сабыр етпең, адамлар . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Низамийге . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
Бердақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 64
Туўысқан түркмен халқына . . . . . . . . . . . . . . —
Таппадым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 65
„Дәртимди түсинер..." . . . . . . . . . . . . . . . . . 66
„Мен өзим ең жақсы..." . . . . . . . . . . . . . . . . . —
„Мениң жаным өмир шайласы..." . . . . . . . . . . . 67
„Асқын ба сен..." . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
Сүрниксеңиз де . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Салмақсызлық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Қарама-қарсылық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
„Гүллениў тилеймен..." . . . . . . . . . . . . . . . . 70
Минезим бар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 71
Достыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
Бәри сеники болсын . . . . . . . . . . . . . . . . . . 72
Сениң ҳәр келгениң бәҳәр келгендей . . . . . . . . . —
Саўал . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
„Жақсылардың көңлинде..." . . . . . . . . . . . . . . 74
„Сулыў қызлар..." . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
„Жүреги тас..." . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 75
„Асқар таў..." . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
Пүтинлик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 76
„Шайпамайман адамлардың..." . . . . . . . . . . . . . 77
Аспаннан алағат бултлар көшпекте . . . . . . . . . . —
Бәҳәр келгенде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Драмалық поэма
Жақсы адамның жүреги . . . . . . . . . . . . . . . . . 79



www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Тулепберген Матмуратов**

**ДОБРОТА**

Стихи и драматическая поэма

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1986*

Редакторы *Ш. Аяпов.*
Художник *М. Бурханов*
Худ. редакторы *И. Кыдыров*
Тех. редакторы *З. Алламуратов*
Корректоры *А. Пирназарова М. Бектурғанова*

ИБ 2192

Териўге берилген ўақыты 14.02. 86 ж. Басыўға руҳсат етилген ўақыты 28,05. 86. РК 30559. Қағаз форматы 84х108 1/32 № 2. Көлеми 3,75 баспа табақ. 6,30 шәртлибаспа табақ. 3,67 есап баспа табақ. Заказы 72 Тиражы 3000. Баҳасы 60 тийин

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда" ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты.
742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.



www.ziyouz.com kutubxonasi